

# *PANE MURUME PANO ANOGONA*

## *KUBATIDZA CHIEDZA*



Maita zvenyu hama. (Varegei vaimbe.) Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

Baba vedu voKudenga, tinoKutendai mangwanani ano nekunaka kweNyu netsitsi, nekutipa mukana wekuungana pano pamwe chete zvakare, rimwe zuva kudivi rino raZiyendanakuenda guru, kuzonamata iYe akaisvonaka, Ishe Jesu Kristu. TinoKutendai nokuti Akauya panyika ku—kuzotidzikinura kubva kuhu—hupenyu hwechivi, uye nokuzotipa nhaka huru iyi yatinayo kubudikidza nokururama kwaKe. Uye sezvo isu, mangwanani ano, zvatiri pano sevamiririri vaKe, ku—kumedura Chingwa cheHupenyu ichi kuungano ino yakamirira, dai Mweya Mutsvene wafemera Shoko rimwe nerimwe uye woriisa mumwoyo yevanhu, nepose patiri kuda napo. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

Garai henyu pasi.

<sup>2</sup> Zvirokwazvo ndinotora uyu, semukana mukuru, zvakare mangwanani ano, kumira pano nemi. Tine urombo kuti hatina imwezve nzvimbo inopfuura yatinayo, yekuti vanhu vakwane. Tabhenakeri yedu haina kukura zvakakwana. Uye tinotenda zvikuru kuva pano, nemuhoridhe ino, kubva—kubva zasi kumba kvedu ku...kuTucson. Uye mamiriro okunze anga asina kunyatsonaka, asi takafara kuva kuno uye nekuva nomusangano uno.

Zvino, ndinoda kuzivisa kuti manheru anhasi pachava neshumiro yekunamatira varwere manheru, kana munamoto wevanorwara. Uye ndaudza Billy izvozvi. Ati, “Saka, muchaita sei?”

<sup>3</sup> Ndikati, “Zvinoka, pamwe wotongopa hako makadhi manheru ano, kuma 6:30, kuitira kuti vanhu vazorega...”

Uye, munoona, makazarisa vanhu muno, tinogona kuzongoziva maunziro atingavaita, mumwe nemumwe, saka unogona kudanwa nenhamba yekadhi rako, uye saka hapazova nekutsvikinyidzana. Tinogona kungovadana, mumwe nemumwe, tovaita kuti vapfuure nemumutsara patinenge tichivanamatira.

<sup>4</sup> Saka, iwe, kana uchirwara, kana uine vadikani vari kurwara, uye uchida kuvaunza mukati, huyai kuma 6:30, zvakada kudaro, 7 o'clock, motora kadhi rekunamatirwa. Achange ari pamusuwo, kana chero mapiiro aachaita, pamunopinda.

<sup>5</sup> Uye, zvakare, ino inogona kunge iri iyo nguva yekupedzisira yekunge ndadzoka, pozova nenguva yakati rebei, nekuti ndine chirongwa chakakura kwazvo zvino. Zasi, uye ndichiri muUnited States kusvika pfumvudza ino, kwainoperera. Saka, isu, zvichida tichazodzoka zvakare pamberi apo muzhizha rino.

Kana Ishe vachitendera, ndingada, kana tikawana nzvi—nzvimbo iri kuno kana ine mhupo inonofefetera. Ndanga ndiri kuzobvunza Billy. Ndinoda kutaura pamusoro peHwamanda Nomwe dziya, ndova neshu-. . . musangano kuno weHwamanda Nomwe, kana—kana Ishe vachitendera. Nokuda, kwawo iwo, ma—Mazera Manomwe eKereke, neZvisimbiso Zvinomwe, uye zvino Hwamanda Nomwe. Uye tinogona kuwana imwe nguva semuna Chikumi apo vanhu vanowana zororo ravo, tovapa nguva yekuti vagopinda.

<sup>6</sup> Uye ndinofara kuona Hama Shepherd pano mangwanani ano, kubva kuchipatara. Ndaiveko ndanovaona rimwe zuva. Uye Hanzvadzi Shepherd, handina kukufonerai nezuro. Hope dziya dzamakanditumira dzakanga dzakanaka chaizvo, chaizvo. Makaona, sekunge, Kristu ari mu—ari pa. . . mu—mumatenga, ari pabhiza jena iri, asi zvakadaro akasungwa, munoona. Asi, zvakadaro, zvisati zvanyangarika, mhuri yenyu yese yakazviona. Kuti, kududzirwa kwehope, ndekwekuti mhuri yenyu yakaona kufamba kwaKe kwemazuva ano ekupedzisira kusati kwapfuura, zvaZvaiva. Saka, ndidzo, dzaive chaizvo dzemweya, uye chikomborero chakanaka kwamuri, imi mhuri. Mhuri iyoyo yakabuda kubva mukutambudzwa kukuru, kuti vasvike pavari nhasi.

<sup>7</sup> Uye zvino tine chimwe chinhu, chiri kudivi rinosuwisa zvishoma, mangwanani ano. Kubva zvandakasangana pano. . . Imwe yeshamwari dzedu dzinokosha, uye—uye vanouya kutabhenakeri ino, mhuri yekwaCoats; iyo, isu tose tinovada. Vanouya vachibva kumabvazuva, uye, kana kubva kuChicago, kwakapoteredza. Uye Hanzvadzi Billie Habib, ne—nemunin'ina wavo, Armstrong, nevasikana vose. Ivo. . . Ndinofunga kuti vaimbove maNazarene, uye vakauya kunaShe, uye ishamwari dzedu dzinokosha zvikuru.

Zvino Hama naHanzvadzi Coats, baba naamai vavo, vakanga vari munzira kuenda kumba rimwe zuva, vachibva kuMadokero, zvino mumwe munhu akatsvedza mumugwagwanda—ndokuuraya Hanzvadzi Coats, pakarepo. Uye—uye pavakandidaidzako, mu—muTucson, uye ndikanzwa nezvazvo, ndakanga ndakatogara ipapo nebhokisi rezvihwitsi ravakanga vachangobva kundigadzirira, riri pa—patafura. Uye hamuzive kuti zvakandiita kuti ndinzwe sei. Asi ndi—ndinofunga kuti, tinotenda Ishe mangwanani ano, kuti havana kutambudzika. Vanga vava kukwegura, uye havana kutambudzika. Zvino vakaenda Kumusha kunova naMwari.

<sup>8</sup> Ndanga ndiri kungofunga, uye ndichitaura nevanasikana vavo 2, iko zvino, mukamuri umo. Hama Coats vari pano mangwanani ano; vane dzimwe mbabvu dzakatyoka. Zvino ndakavafonera vari muchipatara umo mavanga vakapihwa mubhedha, uko kuMissouri, uye mbabvu dzavo dzakatyoka nezvimwe, asi zvirokwasvo vanga vakashinga chaizvo, Mukristu wechokwadi; vachiziva kuti mambokadzi wavo muduku haana kufa, mupenyu nokusingaperi, pamwe naKristu, uye pachava nenguva yekubatana.

<sup>9</sup> Jobho akati, imwe nguva, “Oo, dai Mandivanza henyu mubwiro, uye mundichengete munzvimbo yakavanda, kusvikira hasha dzeNyu dzapfuura.”

<sup>10</sup> Makambocherechedza here Mwari, kuti muzvisikwa, vanoita zvimwe chetezvo? Semuto uri mumiti kumusoro uko, wakabata mashizha; uye nguva yechando isati yasvika, kutsamwa kunodururirwa panyika...Munoona, pane imwe nguva nyika yakanga isina chando. Uye muMireniyamu hakuchazove nechando zvakare, munoona. Saka kutsamwa kuri panyika. Zvino pazvakaitika...Munoona, kutsamwa kusati kwasvika, Mwari netsitsi dzaVo vanotumira muto iwoyo kudzika chaimo mu...pasi pevhu, mumidzi yemuti iwoyo, vouchengeta imomo kusvikira hasha dzechando dzapfuura, zvino vozoudzosa zvakare, munoona, mumwaka wepfumvudza.

“Oo, dai Mandivanza henyu mubwiro, mundichengete munzvimbo yakavanda, kusvikira hasha dzeNyu dzapfuura.” Ndizvo zvaVakaitira hanzvadzi yedu. Ndizvo zvaVanoitira Mukristu wese.

<sup>11</sup> Hama Coats, Mwari vakuropafadzei. Ndinofara zvikuru kuziva izvo, kuti Chisimbiso chaMwari chinobata munguva yedambudziko. Ndinoziva zvaari kudarika nemazviri, nekuti ndakadarika nemune zvimwe zvakadaro, makore akapfuura. Asi ndiri...Mumwe nomumwe tinofanira kuyambuka rwizi rukuru urwu; uye, ini, uye ichava nguva yangu, rimwe ramazuva ano; nenguva yakowo, rimwe remazuva ano. Asi sezvakahwa naDhavhidhi, “Handingatyi zvakaipa; nekuti Muneni. Tsvimbo yeNyu nomudonzvo weNyu zvinondinyaradza.”

<sup>12</sup> Zvino mukurangerira Hanzvadzi Coats, hanzvadzi yedu inokosha yakaenda kuna Mwari. Ini...Sechirangaridzo chidiki kwavari, mangwanani ano, ndinoda kuti ungoro isimuke kwechinguvana.

Ngatikotamisei misoro yedu tifunge nezvemumwe pane imwe nguva, mazuva mashoma apfuura, akafamba mu—mutabhenakeri ino, akapinda nekubuda pakati pedu, akatigwinha chishanu, Mukristu akaisvonaka, ave zvino munzvimbo iya iyo Ishe vakaita kuti ndione nguva shoma yapfuura, mudzimai wechidiki zvakare, akamirira mhuri yake iri kuuya.

<sup>13</sup> Baba vedu voKudenga, tinoKutendai nendangariro dzeHanzvadzi Coats. Hanzvadzi inokosha, inodikanwa zvikuru! Uye zvino nguva inosvika yekuti kana tararama nguva yedu muhupenyu, yatakatarirwa, tinofanira kuyambuka rwizi. TinoKutendai nokuti havana kana kutambudzika. Panofanira kunge paisava nechero chinhu chaivapomera pano, chekuti vangatambudzikira. Vakangonanga kunopinda mumaoko aMwari, chiriporipo.

<sup>14</sup> Murume wavo, vana vavo, vari pano mangwanani ano, Ishe, vadzoka chaiko kunzvimbo yavo yebasa. TinoKutendai zvikuru nokuda kwekutenda ikoko kwehumhare! “Kutenda kwemadzibaba edu kuchiri kurarama, panzvimbo yedorongo remugomba, moto, nemunondo.” TinoKutendai pazvinhu zvose izvi.

<sup>15</sup> Zorodzai mweya wavo unokosha, Ishe. Vaiva hanzvadzi yedu. Kurwadziwa, madonhwe emisodzi anodonha mumoyo yedu, nekuda kwekusavapo kwavo, asi mufaro unofashuka kubva pamadonhwe emisodzi, inotizivisa nechivimbo cheShoko reNyu kuti vari kurarama muhupenyu husingaperi husingagoni kufa. Uye hakuzombova netsaona kwavari zvino, vakangomirira avo vanozouya mushure kuzobatana navo.

<sup>16</sup> Ropafadzai Hama Coats, uye muropafadze vasikana avo nemhuri yavo, Ishe, nevadikanwi avo, navose vanovada. Uye rimwe zuva, Baba, tinovimba kuti tichasangana navo Mhiri kumusoro ikoko, uko kusina hurwere, kusuwa, kana rufu. Kusvika panguva iyoyo, tichengetei tose tiri vatano uye takagwinya, tichiKushumirai, uye tichitarisira zuva iroro. MuZita raJesu Kristu tinozvikumbara. Amen.

<sup>17</sup> Dai Mweya Mutsvene mukuru anobata nesu pano patabhenakeri, mukuzarura Shoko raKe, dai Azorodza mweya wavo wehumhare murugare kusvikira tasangana navo.

<sup>18</sup> Zvino muno muri kudziya mangwanani ano, nokuti mitumbi, munoziva, makanyanya nekuda kwekudziya kwemutumbi wemunhu.

<sup>19</sup> Zvino, tinoda kupa chiziviso zvino. Dzimwe nguva shumiro dzedu pano, dzakareba, ma—mangwanani, chikonzero zviru. . . Hazvina kunaka chaizvo kurebesa shumiro zvakadaro, nekuti, awa, awa nehafu, kana dzimwe nguva maawa 2. Asi zvandiri kuita, ndiri kutepa kumashure uku, munoona, uye tepi iyi inoenda pasi rose. Uye ndizvo zvandiri. . . tinoungana, kwenguva yakareba, mangwanani, i—imhaka yekuti ndinouya pano kuzoita matepi aya. Ndiko kuti. . .ini. . .ari. . .Munoona, munogona kuona mukamuri umo, ma—matepi ari—ari kugadzirwa. Zvino. . . Uye anoenda kwose pasi rose.

<sup>20</sup> Zvino, munguva pfupi, Ishe vachitendera, mune inotevera, ndinongosimuka kuno. . .Ndichasimuka, Ishe vachitendera, mangwana mangwanani, imwe nguva, kudzokera kuArizona,

nokuti ndine musangano uri kuuya. Uye tevere ingori nzira yese kwese kuMaodzanyemba. Uye imi vanhu vekumaodzanyemba vanobva zasi kuGeorgia, neMississippi, neTexas, neAlabama, tiri kuuya zasi kupinda ikoko, nzira yose kunopinda muFlorida, pakarepo.

<sup>21</sup> Tichibva pano kuenda kuPhoenix, tevere kuCalifornia, uye todzokera kuDallas, uye—uye zvichida ndozodzika zasi kupinda muSan Antonio, ndinofunga ndiyo, uye ndozodzika uko kuAlabama, neFlorida, nekupfuura neikoko. Saka tichange tichikuonai imi vanhu zasi ikoko, Ishe vachitendera, pakarepo.

<sup>22</sup> Uyewo moramba muchitinamatira, uye tichakuzivisai kuti rinhi, kana isu. . . Ishe vakaisa pamwoyo yedu zvino kuti tibate mazuva ma—mashoma pano, zhizha rino riri kuuya.

<sup>23</sup> Ndanga ndine misangano yakati kuti yakarongwa. Uye vazhinji venyu muNew York munoziva pakauya chiratidzo, chakataura kuti misangano iyoyo munyika yekuScandinavia. . . Munoirangarira yakarongwa imomo? Uye zvakare, pandakanga ndiri kuNew York, chiratidzo chakauya, chokuti mumwe nemumwe wemisangano iyoyo waizokanzurwa, nokuda kwechimwe chikonzero. Uye ndinorangarira ndakaudza vamwe venyu pano, pataiva kuNew York. Ndizvo chaizvo zvakaitika, nokuti vose vaida zuva rimwe chete uye ndokutadza kuwana chivakwa ichocho.

Saka, zvino, zvinogona kusiya nzvimbo diki muna Chikumi. Kungava kuri kuda kwaShe, ndanga ndichifunga, pamwe ndodzokera Hwamanda idzodzo ipo pano, tisati tanyanyisa kunonoka. Maona? Saka tinoziva kuti zvinhu zvose zvinoshanda zvakangonaka. Saka zvaiva pamwoyo pangu, saka zvingave zvaVanoda kuti tiite.

<sup>24</sup> Zvino ndiri kuona kuti muri kuchinjana zvigaro, uye—uye kunze mumahoro, nezvimwe zvakadaro. Tinoshuva kuti dai tiine nzvimbo yokugara.

Uye zvino patinozova neHwamanda dziya, ndipo. . . tinoda kuwana gymnasium yechikoro chesekondari. Ndinofunga kuti inogara 5,500, uye ipapo tingazova nemukana, zvakare, wemunhu wese kuti awane chigaro, uye togara pasi toteerera chinyararire patinenge tichi—patinenge tichiparidza.

<sup>25</sup> Kana, idzi, Hwamanda, dzakanaka zvakanyanya, kwazvo. Ndaidzitarisa nerimwe zuva. Munoono, paChisimbiso cheChitanhatu, Hwamanda Nomwe dzose dzinorira ipapo paChisimbiso cheChitanhatu, munoono, Chisimbiso cheChinomwe chisati chazarura Kuuya kwaKristu.

<sup>26</sup> Uye, manheru ano, ndine Mharidzo yakakosha yandiri kuda kultura ndisati ndava ne—ne—neshumiro yekunamatira vanorwara. Uye kana uri pano, uye uchizogara, zvino, tichaedza, kana zvichibvira kuti titi kurumidzei kutanga, nokuti pachava nemutsara wokunamatirwa. Handizoparidza kwenguva

yakareba, asi pane chimwe chinhu chandagara ndichida kutaura kucheche, kwenguva refu, uye nokuita sekukuisai pa—pa—pa—pa... mafambiro ari kuita zvinhu panguva ino, uye nepatingori takamira, uye nekuzivisisa kwangu kwose kubudikidza neMagwaro.

<sup>27</sup> Zvino, ndinoda kuti muvhure pamwe neni mangwanani ano, kana muchida kunyora pasi kana kuchengeta zvinyorwa zvepatiri kubva kuverenga, Bhuku raIsaya. Uye ndinoda kuverenga kubva kuna Isaya, chitsauko 42 chaIsaya.

<sup>28</sup> Tinofara zvikuru mangwanani ano, zvakare, kuva naHama Dauch vakagara nesu pano. Pamuri kuvhura... Munoziva, vaifunga kuti vaisazorarama, muno muShreveport rimwe zuva. Uye zvirokwasvo vane kutenda. Hongu, changamire, vanokwira vachibudamo; Ishe vanoramba vachivaropafadza, ehe. Munoono, Hama Dauch vane makore 91 ekuberekwa, uye vakava nekukundika kwemoyo zvizere; uye nekukomoka kwemoyo, pamusoro pazvo. Zvino chiremba wacho akataura kuti havasi kuona paine nzira yekuti vararame. Hama Dauch vari kurarama, asi chiremba wacho akatofa. Maona? Nokuti, ivo... Munoono, Hama Dauch vagere pano.

<sup>29</sup> Uye zvakare, mu—murume ane makore 91 ekuberekwa, ane kukundika kwemoyo nekukomoka kwemoyo. Zvino ipapo, pandaienda kumusoro ikoko, ndakavaona vachiuya vachidzika nemugwagwa; ndikavaona vari muhechechi. Zvino ndakaenda ndikavaudza, vari pasi petende reoxygen, “MuZita raShe, ndinokwazisa ruoko rwenyu mu... Ndichakuonai muhechechi zvakare, uye ndokwazisa ruoko rwenyu mumugwagwa.”

Shumiro yakatevera yacho, havoka vaivepo, vakagara kumashure kuno muhechechi. Zvino ndakaenda kuLouisville, kwatinodyira kuBlue Boar uko, kunodya, zvino pandakangobuda mumotokari yangu, ndikatanga kukwidza nomugwagwa, hapo ndokuuya Hama Dauch vachifamba vachidzika nomugwagwa. Hezvoka izvo, zvakatongonyatsokwana. Uye kuti Ishe vakavaropafadza zvikuru!

<sup>30</sup> Zvino tichataura nezvekupodzwa, manheru ano, nezvimwe, uye ndine zvinhu zvakaisvonakisa zvekukuudzai manheru ano.

<sup>31</sup> Asi zvino, kuti ndiwane matepi zvino, zvino gadzirirai kuabatidza, ndinoda kutanga kuverenga kubva pana Isaya chitsauko 42, uye ndima 1 kusvika 7. Uye Mateo chitsauko 4, kutanga, ndinotenda, ndima 15 ne 16.

<sup>32</sup> Zvino, mu—muchitsauko 42 cha—chaIsaya, tichaverenga.

*Tarirai muranda wangu, wandinotsigira;  
musanangurwa wangu, anofadza mweya wangu;  
Ndakaisa Mweya wangu pamusoro pake: achavigira  
Marudzi mutongo.*

*Haangadani, kana kukwidza, kana kunzvisa izwi rake mumugwagwa.*

*Rutsanga rwakapwanyika haangaruvhuni, nomwenje unopfungaira haangaudzimi: achaunza kutonga kuenda pachokwadi.*

*Haangakundiki kana kuwodzwa moyo, kusvikira a . . . agadza mutongo panyika: uye zvitsuwa zvichamirira mirawo yake.*

*Zvanzi . . . naJEHOVHA, iye akasika matenga, akaatatumura; iye akatambanudza nyika, neizvo zvinobva mairi; iye anopa vanhu vari pairi kufema, nemweya kune avo vanofamba mairi:*

*Ini JEHOVHA ndakudana nokururama, uye ndichabata ruoko rwako, uye ndichakuchengeta, ndikuite sungano yavanhu, uve chiedza chaMarudzi;*

*Kuti usvinudze meso asingaoni, ubudise vasungwa kubva mutorongo, navagere murima vabude muimba yehusungwa.*

<sup>33</sup> *Zvino muEvhangeri yaMateo, chitsauko 4, ndinoda kuverenga kuzadziswa kwechiporofita ichocho chakapihwa naIsaya. Muchitsauko 4 chaMateo, ndi—ndichatanga kuverenga. Kana zvichibvira, ngatitangirei pandima 12 panzvimbo ye 15.*

*Zvino Jesu akati anzwa kuti Johane wasungwa, akaenda Garirea;*

*. . . akabva Nazareta, akandogara muKapenaume, riri pamahombekombe egungwa, pamuganhu weZabhuroni neNafutari:*

*Kuti zvizadziswe zvakarehwa naIsaya muporofita, achiti,*

*Tarirai, nyika yeZabhuroni, nenyika yeNafutari, panzira yegungwa, mhiri kwaJorodhani, Garirea raMarudzi;*

*Vanhu . . . vagere murima vakaona chiedza chikuru; nekune avo vakanga vagere munharaunda dzemimvuri yorufu chiedza chabuda.*

*Zvino kubva panguva iyoyo Jesu akatanga kuparidza, uye achiti, tendeukai: nokuti ushe hwokudenga hwaswederwa peyoyo.*

<sup>34</sup> *Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo! Uye zvino, chidzidzo chidiki chisinganzwisike chandakanzwa mumwe munhu achitaura, akataura izvi, asi ndinoda kutora izvi semusoro wenyaya: Pane Murume Pano Anogona Kubatidza Chiedza. Uye zvino tiri kuzotaura pamusoro pechidzidzo chechiedza.*

<sup>35</sup> *Izvi zvinotevera zvidzidzo 3 zvatanga tichitaura nezvazvo.*

Chimwe chazvo, kuTucson, kana kuti kuPhoenix, pamusoro pekuti sei Jesu akauya nenzira yeBheterehema. Ndizvo, Anofanira kuva, nokuti ndiYe Bheterehema. Bheterehema! *B-h-e-t* “imba”; *e-r*, “Mwari”; *e-h-e-m-a* “chingwa,” chingwa. “Imba yeChingwa chaMwari.” Uye Mukristu wese anozvarwa muna Kristu anozvarirwa muBheterehema, imba yaMwari yechingwa.

<sup>36</sup> Zvino, imomo, mufananidzo waDhavhidha, aive murambiwa panguva yekudzingwa kwake kubva kuvanhu vake. Akadzingirwa kunze. Zvino Bheterehema ndokukombwa, uye vaFiristia vakadzika misasa yemauto vakakomba Bheterehema. Zvino Dhavhidha, murambiwa, mufananidzo wechechi nhasi, yaKristu. Munoono, Kristu Murambiwa kuChechi yaKe pachaKe nhasi uno. Vane... *Murambiwa* “ndechimwe chinhu chakarambwa.” Zvino Dhavhidha akanga arambwa, asi zvakadaro akanga azodzwa kuti ave mambo; asi muporofita akanga amuzodza.

<sup>37</sup> Zvino panguva ino, ari mu—murambiwa akabva kuvanhu vake, akanga atora mhare zhinji dzeMarudzi. Mumwe wavo akauraya varume 800, zuva rimwe chete, nepfumo, kana kuti munondo. Uye mumwe wacho akasvetukira mugomba ndokuuraya shumba, pazuva rainaya mazaya echando. Uye—uye vakanga vachiunganidza nyemba, dzinova bhinzi kana pizi, kana zvimwewo, uye—uye vose vakatiza, zvino akamira ndokuuraya varume kusvikira ruoko rwake rwaneta. Vakaurayawo zvakare hofori dziya vanin’ina vaGoriati.

Varume mhare, vakabatirira kuna Dhavhidha, nokuti vaiziva kuti akanga ari kuzotonga. Vaiziva, zvisinei kuti ndiani anoti kudii. Mwari vaiva nechizoro pana Dhavhidha, uye vaizviziva. Vaive Marudzi. Zvisinei kuti vakamudzingira kunze zvakadii, ava vaiziva havo kuti akanga ari kuzotonga. Uye rimwe zuva ikoko. . .

<sup>38</sup> Mufananidzo chaiwo wanhasi, wa—waKristu, Murambiwa! Unoti, “Kristu, Murambiwa?” Maringe neBhaibheri, kuti isu. . . Mwari vakatitora nesimba nemuMazera Manomwe eKereke iwayo. Chechi yeRaodhikia ino, Kristu aive Murambiwa ari kunze kwechechi yaKe, akarambwa, achiedza kudzoka mukati zvakare. Maona? Murambiwa, kuchechi yaKe iYe. Uye chikonzero iYe ari Murambiwa, ndechokuti iYe iShoko, uye havabvumire Shoko kuti ripinde. Vakagamuchira zvitendwa, panzvimbo yaro.

<sup>39</sup> Uye tinoona, zvino, kuti mukutambudzika kukuru uku, varume ivavo vehumhare vari pana—vari pana Dhavhidha, Marudzi.

<sup>40</sup> Kana mukacherechedza kuti Bheterehema rakavambwa sei. Handidi kupinda pachidzidzo ichocho, asi kuti Bheterehema. . . Chaizvoizvo, Rahabhu, chipfeve, mwanakomana wake ndiye



akavamba Bheterehema. Yaiva nzvimbo yegorosi, nemvura yakanaka yakawanda imomo. Zvino akavamba guta duku iri. Zvino rakanga riri dukusa pamaguta ose, nokuti muporofita akati, “Kunze . . . Bheterehema reJudhea, hauziwe mudukusa here pamachinda ose emaguta eJerusarema . . . kana kuti Judhea? Asi mauri muchabuda Gavhuna achatonga vanhu vaNgu.” Kubva mune diki iroro.

<sup>41</sup> Dhavhidha, paakasaru dzwa kumusoro ikoko. Vakoma vakuru, vakanaka, apo muporofita Samueri paakaendako, kundozodza, vose vakanga vamirepo. Varume vakuru, kumahare, vairatidzika kunge, tarisai, madzimambo anotaridzika zvakanaka. Asi wacho akanyatsorambwa ndiye aiva wacho chaiye, Dhavhidha, akadururirwa mafuta paari. Guta rakarambwa ndiro iro Kristu . . .

Ndeavo vakarambwa vanotorwa naKristu, munoona, avo vakarambwa.

<sup>42</sup> Zvino tinoona, mushure make makauya Obhedhi. Uye mushure make mukauya Bhoazi. Zvino ndokuuya mumwe Murudzi, uyo akauya kubudukidza naRute. Uye kubva maari kwakauya Jese. Uye kubva muna Jese kukazouya Dhavhidha. Uye kadanga kepadivi pechikomo kunze uko kakaunza Mambo wemadzimambo, Jesu Kristu, Mwanakomana waDhavhidha, Mwanakomana wake wepamweya.

<sup>43</sup> Zvino ipapo, akanga ari, Dhavhidha pachake akaberekerwa muguta iri, aifanira kuuya panzvimbo diki iyi. Uye yainzi Bheterehema, zvinoreva kuti, “i—imba yechingwa chaMwari.” Uye ndiYe Imba yeChingwa chaMwari.

<sup>44</sup> Dhavhidha, arere ipapo pachikomo zuva iroro, zvino akatarisa pasi ndokuona vaFiristiya vakakomberedza nemisasa saizvozvo, anofanirwa kunge aitsva nekunzwa nyota. Akati, “Oo, dai ndangowana mvura yekunwa kubva mutsime iroro, kamwezve!” Zvinoka, dukusa yepfungwa dzake yaitova murairo kune vake, avo vaimuda.

<sup>45</sup> Ndizvo zvazviri nhasi uno, dukusa yepfungwa dzaJesu, kana kuti ko kuzoti Shoko raKe, rinofanira kuva murairo kwatiri isu Marudzi vanoMuda. Nokuti tinoziva kuti Ari kuuya kuzotonga, zvisinei nokuti Anorambwa zvakadii. Denga nyenika zvichapfuura, asi iRi richangotonga zvimwe chetezvo kana matenga nyenika zvaenda. Uye tinoziva kuti Ari kuuya kuzotonga, nokuti hapana chinovitadzisa kuitika. Iri ndiKristu, chizaruro chaKe, uye izvi zvichaitika nenzira chaiyo yakarehwa neShoko, nokuti iYe ndiye Shoko. Uye mudukusa wemirairo yaKe ipapo, zvisinei kuti mudiki zvakadii, kana kuri “kubhabhatidzwa zvakare,” kana chero zvazvingava, tichazviita, zvisinei. Kuraira kwaKe.

<sup>46</sup> Uye mudukusa wemufungo waDhavhidha wakanga uri murairo kune veMarudzi ivavo, nokuti, ivo, mufananidzo

weChechi yeMarudzi nhasi. Varume mhare! Munoono, varume vava vakamira naDhavhidha vaiva veMarudzi, asi, varume mhare. Vakanga vasingatye. Vakanga vasingazive chinonzi kutya.

<sup>47</sup> Murume 1 akatora munondo ndokuuraya varume 800, uye ivo vose vakamupoterredza. Akanga ari murume chaiye! Mumwe wavo, a . . .

Mumwe murume. Kwakanga kune murwi wechiEgipita akamhanya, nepfumo refu. Aingova nechimuti muruoko rwake. Akatora chimuti ndokurova pfumo kubva muruoko rwake; ndokutora pfumo ndokumuuraya, iye pachake. Maona?

<sup>48</sup> Imwe yehofori iya yakanga ine minwe yemainji 14, saizvozvo. Zvino, mainji 14, munwe wako wakareba seruoko rwako, rakavharwa; ukarwuvhura, rwunenge rwuri ruoko rwemainji 28. Uye nepfumo! Zvino akasvetukira imomo chaimo ndokumuuraya. Maona? Sei? Akanga ari murume wehumhare, weMarudzi akarindira muzodziwa waaiziva kuti akanga ari kuzotonga.

<sup>49</sup> Macherechedza here, kuti vaive mhare kuna Dhavhidha, Dhavhidha paakazopinda pakutonga, akavaita mutongi pamaguta? Jesu haana kuvimbisa zvimwe chetezvo here? Zvimwe chete, kuvaita mutongi.

<sup>50</sup> Zvino, imomo, apo chishuwo chaDhavhidha chaiva chokuva nemvura inotonhorera. Zvichida akanga aine mvura yakare, inodziya yainhuwa kumusoro uko, yaakanga achinwa. Asi akazoita sekufunga nezvemvura yakanaka zasi uko kuBheterehema, imba yechingwa chaMwari. Zvino akati, “Dai ndangowana mvura yekunwa kubva mutsime iro!” Zvino varume ivavo vakavhomora munondo wavo vakarwa navaFiristia mamaira 15, kwete nekuti akavakumbira kuti vadaro, asi nekuti vakaziva kuti aiida. Uye vakatema vaFiristia ivavo, nzira yose kusvika kutsime. Apo 2 vavo vachirwa, mumwe wacho akachera chi—chirongo chake chemvura; uye vakarwa nzira yavo vachidzokera, nzira yose kudzokera, ndokunoitambidza Dhavhidha. Taurai nezvehumhare!

<sup>51</sup> Dhavhidha, murume uya ane humwari, akati, “Mwari musatendera kuti ndingainwe ichibva kushamwari idzi dzaisa hupenyu hwadzo panjodzi.” Zvino akaita chipiriso chinodururwa; akaidururira pasi, kunaShe. “Ipei kunaShe. Ndivo Vacho vakaikodzera, kwete ini.” Vakaisa . . .

<sup>52</sup> Mufananidzo chaiwo waKristu pachaKe, neHupenyu hwaKe Husingaperi maAri; Dombo rakarohwa, akadururira Hupenyu hwaKe pasi, sechipiriso chezvivi kuitira isu, kuti Shoko iri rigorarama.

<sup>53</sup> Oo, veMarudzi, sezvandataura, ndiani achavhomora munondo iwoyo pamwe neni? Ari kuda mvura inotonhorera, mangwanani ano, kwete zvitendwa zvechechi zvemvura

yakasviba nezvimwe zvatiri kutamba nazvo. Anoda kutenda kwechokwadi muShoko raKe, uyo achatenda Shoko rose raRo. Handei kutsime tidzoke nemvura yekunwa, donhodzo; kunamata kusina kuvakirwa pazvitendwa nesangano rechechi. Asi kunamata kweMweya kwechokwadi, naKristu ari pakati pedu, achirarama Hupenyu hwaKe nenzira yaAnoda, pakati pedu, uko—uko kusiri kwezvitendwa nezvinhu zvakasiyana. Ngatingo—tingova naYe nenzira yakadaro.

<sup>54</sup> Zvino, chinotevera chaiva mashandiro aiita Mwari nevanhu kubudikidza nechiroto, mumazuva a—Josefa. Makacherechedza here? Chiroto inzira yechipiri. Inzira yechipiri yekushanda kwaMwari. Vamwe vanhu vanogona kurota, hazvireve chinhu. Unogona kudyisa zvakanyanya wobva warota zvinotyisa. Zvino chiroto inzira yechipiri. Maona? Asi ko sei Mwari vakazochengetedza Mwanakomana waVo Vomene nenzira yechipiri? Vakazviratidza kuna Josefa. Mararamiro eMwana waVo pachaVo, Vakatumira nenzira yechipiri. Makambofunga nezvazvo here? Nokuti, kwakanga kusina muporofita munyika. Vakatozoshanda kuburikidza nemuzviroto. Uye chakanga chisiri chiroto chaifanira kududzirwa. Ngirozi yaShe ndokuti, “Josefa, usatya kutora Maria mudzimai wako, nekuti icho chiri maari ndecheMweya Mutsvene.”

<sup>55</sup> Chaive chinhu chisina kujairika kuti chiitike. Josefa ari munhu akarurama, iye. . . Zvakanga zvisina kujairika. Mwari havana kujairika. Uye zvisina kujairika zvakaoma kunzwisisa. Ndicho chikonzero zvakaoma kunzwisisa Chokwadi nhasi; haChina kujairika zvikuru. Mudzimai kuita mwana asina kuziva murume, izvozvo zvakanga zvisina kujairika zvakanyanya.

Asi kana wakatendeka uye wakaperera, Mwari vanogona kuzviratidza kwauri zvakadaro muchiroto. Zvinoratidza kuti chero chinhu chaunacho, dzingave pfungwa dzako, ungave uchigona kuridza muridzo, kuimba, kupupura, kana chero chaungagone kuita, kana zvose zvauri wakazvipira kuna Mwari, Mwari vanogona kuzvishandisa kana ukangoVatendera kuti vazviite.

<sup>56</sup> Zvino, husiku hwakatevera kumusoro kuno, Hama Neville vakaparidza pamusoro penyaya yekuti “kupunyuka,” kuti mu—munhu akapunyuka sei. Uye ndakafunga kuti zvainge zvakanakisa chaizvo.

Zvino mangwanani ano Mweya Mutsvene unoita sekundibata kuti nditaure pamusoro penyaya yechiedza, inotevera yacho. Kuenda chaiko, kumavambo, kuti hupenyu hwaKristu hwakatanga sei muchidziro chezvifwwo, tiri kufamba tichidzoka nemazviri zvakare muchidzidzo chedu. Zvino vanga vasingazvize; ini ndanga ndisingazvize; uye hezvinoi izvi zviri pachinhu chimwe chete. Munoono, zvichienda

mberi, chinhu chinotevera ndipo paAnopinda mushumiro yaKe. Uye manheru anhasi tine chimwe chinhu chinopindirana chaizvo nazvo, chekufambira mberi nacho, manheru anhasi, Ishe vachitendera.

<sup>57</sup> Zvino, Chiedza chikuru! “VeMarudzi vakanga vagere munzvimbo dzemimvuri yerufu, Chiedza chikuru chakabuda pakati pavo. MuZabhuroni, naNafutari, mu...nenzira yeGarirea yeMarudzi, Chiedza chikuru, vakaona Chiedza chikuru.”

<sup>58</sup> Zvino chiedza, kekutanga chiedza, tinochiwana muBhaibheri, chinowanikwa muna Genesi 1:3. Chaiva, Shoko raMwari rakataurwa ndiro rakagadzira chiedza. Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” Genesi 1:3, uye kukava nechiedza.

<sup>59</sup> Zvino rangarirai, zvino, chiedza chinouya neShoko raMwari rakataurwa. Uye chiedza ndiko kusimbiswa, kana kuti nyaya yaVakataura, chiedza, kana chiedza chichivaima, chinoratidza kuti (Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza.” Kwakanga kusina chiedza, uye Vakati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza ndokuvapo. Ndi hwo humboo.) chiedza kusimbiswa kweShoko raVo rakataurwa, zvimwe chete nhasi, kusimbiswa kweShoko raVo rakataurwa.

<sup>60</sup> Zvino paunoona Shoko raVo richisimbiswa, kana, nemamwe mashoko, richiziviswa, kuratidzwa pachena, ndicho Chi—Chiedza cheShoko raVo rakataurwa. Uye, pasina chiedza, hapana chinogona kurarama pasina chiedza. Hapana hupenyu panyika nhasi asi kunze kwehwo hunofanira kuuya ne—chiedza chezuva, muhupenyu hwezvinomera, nezvimwe zvakadaro. Uye hakuna Hupenyu Husingaperi kunze kweMwanakomana waMwari. Maona? Ndiye Chiedza.

<sup>61</sup> Zvino tinoona, ndinotenda, patiri kudzidza zvino, uye nechiedza ichi... “Nyika yakanga isina chimiro.”

<sup>62</sup> Zvino, vamwe vanhu vanoita nharo nhasi muzvikoro zvedu, nezvimwe zvakadaro, pamusoro penyika iine makore mamiriyoni akawanda kwazvo, uye vachiedza kupomera Bhaibheri zvino vachiti Rakakanganisa. Havatongozviite, kana zvekuverenga Bhaibheri. Ndizvo zvoga. Nokuti, Bhaibheri haritiudzi kuti nyika ine makore mangani. Bhaibheri rakati, “Pakutanga Mwari vakasika matenga nenyika.” Furusitopu! Kuti riinhi, kuti sei, izvo, isu hatizvize. Zvino, ndicho chekutanga. Uye, iyo ifurusitopu, ndipo panoperera mutsara iwoyo.

<sup>63</sup> “Pakutanga Mwari vakasika matenga nenyika.” Anogona kunge akava 100 miriyoni, kana bhariyoni, kana chero zvaave. Uye kuti Vakazviita sei, zviri kwaVari kuziva, munoona, kwete kwandiri.

Asi nyika, zvinoka, “Nyika yakanga isina chimiro, isina chinhu; uye mvura yakanga iri pamusoro penyika—nyika. Zvino

Mwari,” vakati, “vakafamba pamusoro pemvura.” Ndokuti, “Ngakuve nechiedza.”

<sup>64</sup> Zvino, ndinotenda kuti zuva, nezvimwe zvakadaro, zvakanga zvatovepo, ndinotenda kudaro, mwedzi. Zvichienda mberi, Genesi 3, kuzvitsanangura... Asi ndinotenda, zvaive pano, kuti nyika, taizoishandisa, uye naizvozvo... Zvino ndokupinda; kwaiva kwakatsvetera kuine mhute pamusoro penyika yose, zvichiita kuti ive nerima. Zvino Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” rima ndokunyangadika, kukavapo nedenga risina makore.

<sup>65</sup> Uye ndinotenda kuti ndiyo nzira yaMwari yekuita nayo zvinhu. Ivo... muBhaibheri, ndima inotevera inoti, ndima 4 inoti, “Zvino Vakapatsanura chiedza nerima. Uye chiedza Vakachidana kuti ‘zuva,’ uye rima Vakaridana kuti ‘husiku.” Uye Shoko raMwari rinogara richipatsanura Chiedza kubva kurima. Maona? Shoko ndiro rinopatsanura, munoono, Chiedza kubva kurima.

<sup>66</sup> Mwari vanogara vachiita chinhu chimwe chete, paVanogadzirira kushandisa chero chinhu. Sokugadzirira kwaVakaita kushandisa nyeredzi yakare iyi, kana chero zvayaive, nyika ino, Vakatotopsanura chiedza kubva kurima. PaVanogadzirira ku—kushandisa bo—boka revanhu, Vanotopsanura Chiedza kubva kurima. PaVanogadzirira kushandisa mumwe munhu sedungamunhu, Vanopatsanura Chiedza kubva kurima. Maona?

<sup>67</sup> Chiedza chinouya naMwari. Uye... Rangarirai, chiedza chakauya neShoko raVo rakataurwa. Shoko raMwari rakati, “Ngakuve nechiedza,” pakwakanga kusina chiedza, uye Vakatumia chiedza kuzopatsanura rima kubva kuchiedza.

<sup>68</sup> Iri Shoko rerairo rakachenesa denga kuti zuva rigopenya imomo. Uye Shoko raVo nhasi ndiro rinobvisa mhepo dzose dzekusatenda.

<sup>69</sup> Ndanga ndichitaura, ndava—ndava, ndinofunga, nehurukuro dzepakavanda 11 ndisati ndauya papurupiti mangwanani ano, imomo. Zvakashata kwazvo... .

<sup>70</sup> Rimwe zuva imwe shamwari yangu diki, Jim Poole, mwanakomana wake mudiki, vakanga vafunga kuti akava nekukomoka kwemoyo, vakamumhanyisa kuchipatara. Chakanga chiri chinhanu che asthma, yakanga yaita kuti mukomana mudiki... Aisagona... Hana yake duku ichirova, nekufema, uye—uye iye achizhamba uye achitadza kufema, zvino mukomana mudiki aiita sokunge ava kufa, pavakamuunza pano. Zvino ndainge ndichitogadzirira kuenda kuchipatara; vakauya naye pano. Ndikabata ruoko rwake rwuduku; ndikati, “Chazvikonzera, igwirikwiti rabata mwana uyu. Uye, gwirikwiti, fivhiri yabata mukomana mudiki uyu. Mutarisei. Mumazuva mashoma ndinoda kumuona zvakare. Achange azara

negwirikwiti.” Zvino heunoi uyu azere negwirikwiti, munoono. Maona?

<sup>71</sup> Zvino, chii? Mwari vanopatsanura rima kubva kuchiedza, kana kuti chiedza kubva kurima. Uye Vanopatsanura rufu kubva kuHupenyu, uye Vanozviita neShoko raVo. Shoko raVo ndiro rinogara richiunza izvi.

<sup>72</sup> Zvino, chiedza! Saka, zvino, mbeu yakanga yatova panyika. Ndinotenda kuti Mwari vakanga vadyara mbeu. Uye chero bedzi zuva iri richingosvika pambeu iyoyo, yakabva yatanga kukura. Uye ndicho chikonzero zvakangotora mazuva kuti zvinhu izvi zvimere, nokuti mbeu yakanga yatova panyika. Chayaingoda chete chaiva chiedza.

<sup>73</sup> Uye ndiyo nzira iyo Mwari vanazvo nhasi. Mbeu yaVo inotova pano kare, Shoko raVo. Chinhu choga chaInogoda Chiedza paRi. Uye ndiVo Chiedza ichocho, nokuti iVo iShoko. Shoko neChiedza chinhu chimwe chete. Hupenyu huri imomo ndihwo Chiedza cheShoko, munoono, ndihwo Hupenyu. Chizenga chehupenyu chirimo mukati metsanga, uye tsanga. . . hupenyu ndihwo hunopamuka uye hwobuditsa hupenyu kubva mutsanga iyi. Ndiyo nzira iyo Kristu, muShoko, anoita kuti Shoko riite zvaRinofanirwa kuita. Sezvakangoita hupenyu huri mutsanga yegorosi, kana chero zvaingava; hunoita kuti gorosi riite zvarinofanira kuita, nokuti ndihwo hupenyu huri mairi. Hupenyu hwese!

<sup>74</sup> Saka, Hupenyu hunongova kubudikidza neShoko raMwari raratidzwa. Hupenyu hunouya chete neShoko raMwari raratidzwa. Chero bedzi richingova muBhuku, sezvizvi, richiri kungogona kubvunzwa. Asi kana raratidzwa, zvino unobva waona chibereko chezvaRakataura, chichiratidzwa, zvino ndicho Chiedza pa—paShoko. Maona? Ndzivo zvinounza. . . Shoko rakataura kudaro, uye, zvino, kana zvazoitika, ndihwo Hupenyu muChiedza, Chiedza chichiunza Hupenyu. Chiedza chinounza Hupenyu.

<sup>75</sup> Dyara gorosi kunze uku, richa. . . uye woriisa muimba yepazasi, worifukidza rose, zvino hari—harimbobereka chinhu, nokuti harigoni. Hapana chiedza ipapo. Asi chiedza pachinongorirova, rinobva rabereka hupenyu kana riri mbeu ine hupenyu.

Ndzivo zvimwe chete zvazviri muShoko. Munoono, Shoko ndiMwari, uye kana Hupenyu hwaRirova, hunoRiunza. . . Chiedza chinoRirova, zvinounza Shoko kuhupenyu zvakare. Zera roga-roga ragara rakadaro. Oo, tinokoshesa sei zvinhu zvikuru izvi, kuti Shoko riri kusimbiswa ndiro Chiedza cheShoko rakataurwa. Maona?

Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza.”

<sup>76</sup> Zvino, ko dai Vakangozvitaure uye pasina chiedza chakauya? Zvino hatizivi kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Hatizivi kuti

zvaVareva ndizvo here. Hatizivi kuti iVo ndiMwari here kana kuti kwete, nokuti Vakangoti, “Ngakuve,” uye pakasava. Maona?

Saka zvino kana Mwari vataura tozviona kuti ndizvo, zvino ndicho Chiedza chinopenya, Chokwadi cheShoko. Maona? Kune Chiedza neHupenyu.

<sup>77</sup> Hupenyu hwese hwezvisikwa hunouya neShoko raVo rakataurwa. Uye zuva iShoko raVo rakataurwa. Vakati Vakasika chiedza chikuru kumatenga, chemasikati, uye nechiedza chiduku chehusiku. Maona? Zvino hupenyu hwese hwezvisikwa hunofanira kuuya neShoko raMwari rakataurwa. Ruva harigoni kukura pasina chiedza cheShoko raMwari rakataurwa richipenya pariri, nokuti zuva ndiro, z-u-v-a, iShoko raMwari rakataurwa, paVakati, “Ngakuve nechiedza.” Maona? Hupenyu hwakataurwa naMwari. Uye zvisinei kuti vanhu vanoedza zvakadini ku—kutura *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, zvinoramba zvakadaro. Unofanira kuva nezuva iroro, saka hupenyu, hwezvisikwa, hunogona kuuya chete neShoko raMwari rakataurwa.

<sup>78</sup> Uye Hupenyu hwepamweya, Hupenyu Husingaperi, hunogona kuuya chete neShoko raMwari reHupenyu rakataurwa. Hupenyu hwakanga huri M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a panguva ino. MaAri mune Chiedza, uye maAri hamuna rima; uye ndiYe Chiedza chaMwari chakataurwa. Ndizvo here? Shoko raMwari rakataurwa, nokuti, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Uye Rinogara riri Mwari. Maona?

Zvino zvinotora Chiedza chaMwari kurova Shoko, kuRiita kuti rirarame. *Hezvino* zvaVakataura, zvino Chiedza ngachipenye! Ameni! Chiedza ngachipenye, zvino Chiedza chichaunza Shoko rose panzvimbo yaRo chaiyo, mumwaka waRo. Ameni! Oo! Munoono, kana nguva yasvika!

<sup>79</sup> Dzimwe nguva tsanga iyoyo inogara muvhu, isina chairi kuita, mumwaka wese wecha—chando, sembeu, gorosi remwaka wechando rakadyarwa muvhu. Asi kana zuva iroro ranyatsokwana, oo, rinofanira kurarama. Maona? Uye harigoni kurarama pasina zuva.

Uye Mwari vakaita vimbiso dzezera rega-rega uye nezuva rega-rega. Uye kana Chiedza chadziya zvakakwana, uye chovheneka pamusoro paro, rinoburitsa chaizvoizvo zvakataurwa neShoko, nokuti ndiVo chiedza neHupenyu.

<sup>80</sup> Shoko raMwari rinouya kubudikidza neBhaibheri chete. Bhaibheri raMwari ndiro chimiro cha—chakadhindwa cheMwanakomana waMwari, nokuti Bhaibheri rakataura kuti Chizaruro chaJesu Kristu. NdiMwari vachiZvizarura kubudikidza naKristu, uye Kristu ndiye Shoko. Zvino zvinotora Chiedza chaMwari kuti chivhenekere paShoko iroro, kuRisimbisa, kuratidza kuti Mwari vachiri kutaura Hupenyu,

Hupenyu Husingaperi. Vanotaura chiedza chepanyama, chinounza hupenyu. Hupenyu hunouya chete neChiedza, Shoko raratidzwa, kana kuti raitwa nyama. Apo vimbiso dzose dzinova, muBhaibheri, dzakararatidzwa, ndipo apo Jesu Kristu, Shoko, akaitwa nyama pakati pedu. Mwari vanogara vachishanda kubudikidza nemunhu. Munhu ndewaMwari.

<sup>81</sup> Zvino, kana mukaita sekuti dziyei zvishoma muno kwamuri, munogona kuvhura mahwindo, kana chero chamunoda, modzikisa mweya unopisa. Pamwe muchengeti wenzvimbo akaderedza kupisa zvishoma. Ndinoona vakawanda vari kutsva. Uye kuri kupisa kunge ndimire pano, zvakare, saka—saka rangarirai izvozvo. Ndinofara kuti kuri kudziya pane kutonhora, nekuti ndi—ndinofarira kudziya. Ini...Kudziya nguva dzose kunounza chiedza, hupenyu, zvinotora moto.

<sup>82</sup> Cherechedzai zvino, “kuitwa nyama.” Kana Shoko rava nyama, Rinobva raratidzwa. Sekuti, tikatora Shoko toRiisa panzvimbo chaiyo uye nemhando yevhu rakanaka, Rinobereka. Mbe—mbeu ichabereka zverudzi rwayo. Uye Shoko, rikapinzwa mumhando yemwoyo chaiwo, rinoZviratidza. Richaburitsa chiedza. Chichavheneka pairi. Zvakanaka.

<sup>83</sup> Hapana chepanyama, hapana chepanyama kana chepamweya, chinogona kurarama pasina Chiedza chaMwari. Hupenyu hunogona kuuya chete neChiedza. Hapana chepanyama kana chimwe chepamweya chinogona kurarama pasina Chiedza chaMwari. Pafungei ipapo. Zvakanaka. Asi paVanotitumira Chiedza, munoona, uye voita zvinhu zvose izvi, uye ipapo toChiramba; zvino ndicho chikamu chinosisirisa, ndeapo Chiedza pachinorambwa kana Chatumirwa kwatiri.

<sup>84</sup> Zvino ungafungidzira here mumwe munhu nhasi achiti, “Ndinotongoramba kuti kune chinhu chakadaro chinonzi zuva. Handitendi kuti kune zuva”? Zvino obva amhanya achipinda muimba yepasi, uye—uye opfiga mikova yose, zvino ogara hake murima, zvino oti, “Hakuna chinhu chakadaro chinonzi zuva. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi chiedza.” Unobva watoziva, pakarepo, kuti pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka pamunhu iyeye mupfungwa. Maona? Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka, paanomhanya achidzokera muimba yepasi ine rima uye oramba kugamuchira kubatsirika nechiedza chakapihwa naMwari. Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka paari. Haadi mirazvo yaro inodziya. Haadi zvinhu zvaro zvinopa hutano. Haadi chiedza charo, kuti afambe machiri. Angatosva hake agara murima. Zvinoratidza kuti, mupfungwa, chimwe chinhu chakakanganisika, panyama, nemunhu iyeye.

<sup>85</sup> Uye ndinotaura izvi nerudo rweke neruremekedzo. Naizvozwovo pane chakakanganisika pamweya nemunhu anomhanya achidzokera mumasangano ake ezvitendwa



uye oramba kuona Chiedza cheBhaibheri paChinenge chichipenya pamberi pake chaipo. Pane chakatsveyama paari. Munoono, odzokera muzvitendwa zvake nemaitiro, ovhara musuwo oti, “Hakuna chinhu chakadaro seIchocho. Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi kupodza kwaMwari, hapana chimwe chezvinhu izvi. Zvaiva zvemuapostora.” Murume uyu anopenga pamweya. Maona? Pane chakakanganisika paari. Iye—iye—iye akavhara maketeni ndokuramba Mweya Mutsvene unogona kuuya pamusoro pake. Kana achigona . . .

“Kana mukagara maNdiri, uye Mashoko aNgu ari mamuri, zvino, Chiedza chichivhenekera paShoko iri, kumbirai chamunoda.” Maona? Maona?

<sup>86</sup> Pane chimwe chinhu chakakanganisika, kuti anoramba zvakapihwa naMwari izvo Mwari vakatipa kuti tirarame nazvo, Shoko raVo. “Vakarurama vachararama nekutenda.”

“Uye munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rose,” kwete chikamu cheShoko, “Shoko rose rinobuda mumuromo maMwari.” Zvino kana munhu akangoramba iZvozvo, pane chimwe chinhu chakatsveyama nemunhu iyeye; chimwe chinhu chakatsveyama nechitiko chake, chaanoti anoda Mwari obva aramba Mwari. Pane chinenge chatsveyama pamunhu iyeye. Tinoviziva izvozvo, pasina kana mumvuri wekupokana. AnoZviramba, omhanyira munzvimbo iyi, zvino oti, “Zvino ndango . . . Handidi kuziva chinhu pamusoro paZvo. Musandiudza chero chinhu pamusoro peZvinhu izvi. Ini, hapana chandinotenda pamusoro paZvo. Iwe, hazvina mhosva nezvaunotaura!”

<sup>87</sup> Mumwe muchinda akati, nguva pfupi yapfuura. Wandaikuudzai nezvake. Akati, “Handina basa nazvo kana ukaunza makenza 50, uye wounza vanachiremba 50 kuzopupura nezvawo, Handitendi. Handina basa kana ukamutsa vakafa, pamberi pangu chaipo, handingambozvitenda.” Munoono, pane chisina kumira zvakanaka nemunhu iyeye. Chiri—chiri—chiripo. Uye—uye, zvakadaro, murume uyu aitova mushumiri, munoono, anotofanirwa kunge ari mushumiri.

Asi nekuda kwekuti sangano iroro haritendi mu—mumasimba aMwari, haritende kuti Shoko, Raingoreva chaizvo zvaRakataura, murume uyu anomhanyira muimba yepasi iyi, imba yepasi yesangano yekare ine hunyoro, ine tsvina, ine huyanga, uye oramba kudziya nemirazvo inopa Hupenyu yeMweya Mutsvene, Jesu Kristu, anova mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Zvino pane chimwe chinhu chakatsveyama nemunhu iyeye. Maona?

Angatosva hake agara muhunyoru hwekuora ihwowo, murima, nezvimwe zvakadaro, pane kurarama muChiedza chaMwari uye necheBhaibheri rakataura, kuti, “Jesu Kristu

mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Mabasa aNdinoita muchaaitawo zvakare. Kunyange makuru kune aya muchaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Pane chakatsveyama nemunhu iyeye. Pasina mubvunzo, zvachose, pane chimwe chinhu chakatsveyama.

<sup>88</sup> Uye kunewe munhu ari kuteerera kune izvi, pasi rose, chero kupi zvako kwaungave, pane chakatsveyama nechitiko chako, paunotaura kuti unoda Mwari asi uchiramba Shoko raVo. Pane chimwe chinhu...Unoramba izvo chaizvo...Ndosaka zvinhu zvichiramba kuita, chechi iri muchinano chayo, uye zvinhu hazvikwanise kuitwa sekuvimbisa kwakaita Mwari, imhaka yekuti hautombogamuchiri Shoko kana kufamba muChiedza. Bhaibheri rakati, “Ngatifambei muChiedza, saiYe ari muChiedza, zvino Ropa raJesusu Kristu, Mwanakomana waMwari, rinotisuka kubva kuchivi chose.” Chivi ndiko “kusatenda.”

<sup>89</sup> Zvino kana tiri kufamba muChiedza chenguva chakapiwa naMwari, zvino Mwari vanotora Shoko iroro rakapihwa renguva iyoyo voRisimbisa.

SezvaVakaita munaGenesi 1:3, vakati, “Ngakuve nechiedza,” zvino chiedza ndokuvapo. Shoko raVo rakauya, chiedza ndokuRitevera, ndokubvisa mhute. Uye rima rakaenda kune imwe kona, uye chiedza chakavhenekera kune rimwe divi.

<sup>90</sup> Ndiyo nzira inoita Mwari nhasi. Vanotumira Shoko raVo renguva ino, uye Mweya Mutsvene unouya woita kuti Shoko iroro rigorarama. Uye rima rinoenda kune zvitendwa zvavo nemasangano echechi, asi Chiedza chinopenya nekuti iShoko raMwari riri kusimbiswa kuti Shoko raVo nderechokwadi. Zvino, hapana chemanyepo pamusoro pazvo, zvinongenderana chaizvo neMagwaro. Zvakanaka.

<sup>91</sup> Zvino, tinoona kuti va—vachenjeri, vachenjeri Vekare, vakatevera zvinhu zvavakanga vapihwa naMwari. Vakatevera Shoko raMwari, kusvika kuChiedza, nokuti raive Shoko rakaunza Hupenyu. Zvino unoti, “Vakatevera sei?” Zvinoka, vainge, vakaita, sevanzveri venyeredzi, tinonzwisisa kudaro.

<sup>92</sup> Uye zvakare tinoona kuti Bharamu, muporofita, kumashure muna Numeri 24:17, Bharamu ainge akaita semunzveri wenyeredzi pachake. Akanga ari muporofita, zvirokwasvo, uye akaporofita pano akati Nyeredzi ichabuda kubva muna Jakobho.

Zvino vachenjeri ava pavakaona kuti Shoko raMwari rakati Nyeredzi ichabuda kubva muna Jakobho, vakatevera kachiratidzo kadiki ikako kakapihwa naMwari kuchitubu cheChiedza Chekusingaperi.

Ndizvo zvichaitawo vachenjeri nhasi, vasina kupofomadzwa nezvitendwa, vakatevera Shoko rakapihwa naMwari rakataurwa, kusvikira vaona huzaro hweSimba raMwari

huchitumbuka munguva ino. Ivo, vano zviona, uye vano ziva kuti zviri muno muMagwaro. Mwari vakazvivimbisa muzuva rino.

<sup>93</sup> Zvisinei nekuti inzvimbo ngani dzekuongorora zvemuchadenga, zvingani zvimwewo zvinhu, zvakaudza vachenjeri kuti, “Handiti, marasika njere!” Makore 2 vakanga vari murwendo. Vakapfuura nemunyika zhinji, uye vaiti, “Muri kuenda kupi?”

<sup>94</sup> “Oo, takaona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva, zvino tauya kuzoMunamata.”

Zvino pavakanga vava muJerusarema, muzinda wemasanganano echechi, vakanga vasina mhinduro yacho. Vakakwira nokudzika nemigwagwa, vachidanidzira kuti, “Ko Aripiko, Mambo wamaJudha akazvarwa?” Hapana chavaiziva nezvazvo.

Saka, vakadana kuShoko, kuti vazviwane. Vakanga vatevera, vaiziva kuti Nyeredzi iyoyo yakanga ichivatungamirira kuChiedza Chekusingaperi. “Titungamirirei kuChiedza cheNyu chakakwana.” Zvino Shoko ndiro rinokutungamirira kuChiedza, uye Chiedza ndicho chinoita kuti Shoko risimbiswe. Cherechedzai, vakanga vari vachenjeri.

<sup>95</sup> Uye vachenjeri nhasi, kwete hu- . . . “Huchenjeri hwenyika ino hupenzi kuna Mwari.” Vezvesainzi venyu vese, nemi vanhu vanovimba nedzidzo huru, kana chimwewo chinhu, vachikuudzai kuti munopamura sei atomu; hazvikwanise kukupai Hupenyu. Hapana chinogona kukupai Hupenyu kunze kweShoko raMwari rakataurwa. Ndiko chete uko kunogona kuuya neHupenyu ihwohwo, kubudikidza neShoko raVo rakataurwa.

<sup>96</sup> Uye zvakanaka hazvo, kuziva kupamura atomu. Ndinoshuva kuti dai vasina kumbozviziva havo. Asi kana ivo . . . Vanofanira kuzviita, nokuti nyika ino yakaremba nhasi . . . Zvaitofanira kuitika, kuputitsa makomba makuru aya munyika, kuti matombo epasi akanyungudika auye uye azovandudza nyika ino zvakare, achigadzira imwe nyika itsva; apo vakarurama vachafamba paguruva revakaipa, uko chivi chichakanganikwa. Zvinhu zvose zvine nzira yekuzvivandudza. Uye munhu, akapihwa kuti agare panyika ino, nehuchenjeri hwake iye, achitora muti wezivo panzvimbo yeMuti weHupenyu, achaparadza nyika yaakapihwa naMwari kuti agare pairi. Asi avo vachiri paMuti weHupenyu, vachauya kumatenga matsva nenyika itsva, uko kusina hurwere kana rufu. Chiedza! Chiedza, Ishe, titumirei Chiedza.

<sup>97</sup> Dzaive Ngirozi dzaMwari dzakaraidza chiedza pamusoro pechikomo, kutungamira vafudzi kuChiedza Chekusingaperi. Munoono, zvinouya neChiedza chete. Hupenyu hunogona kuuya chete neChiedza. Vafudzi, vachida kuziva. Munoziva, kana mambo azvarwa, vane kuimba, makuwerere makuru chaiwo,

kana mambo azvarwa. Zvino, Akazvarwa zvemuchivande chaizvo, uye akazvarirwa mudanga, muchi—chidziro chaidzirwa nemombe nemabhiza, asi zvakadaro Akanga ari Mambo. Uye ngi—Ngirozi dzakadzika ndokuimba nziyo kuvafudzi, muChiedza.

Idzo Ngirozi, pachadzo, dzaive zviedza zvairatidza neShoko raMwari. Dzaiva neShoko raMwari, uye dzikavaudza kuti, “Nhasi, muguta raDhavhidha, muBheterehema, mazvarwa Kristu Muponesi.” Ngirozi dzaiva neShoko, uye Shoko rakauya neChiedza, kuti ritungamirire. Zvino vakatevera Shoko reNgirozi iri, kuenda kuChiedza Chekusingaperi. Vakawana Muecheche aripo, akaputirwa nemachira epajoki, sezvaDzanga dzareva. Nokuti, munoono, Hupenyu hunouya neChiedza chete.

<sup>98</sup> Cherechedzai, Akanga ari Shoko rakaitwa Chiedza, kana kuti rakava Chiedza. Shoko muchizvarwa ichocho, Akanga ari Chiedza cheShoko rechizvarwa ichocho, nokuti vaporofita vakare vakanga vataura nezvaKe, uye heunoi Achiuya uye Akasimbiswa kuti aiva Chiedza cheShoko raMwari rakataurwa. Maona? Zvose izvo zvakanga—zvakanga zvataurwa navaporofita, zvakanga zvazadziswa maAri, munoono, vaporofita kumashure uku vaive neShoko.

Sezvakananga zvakaita Mwari pamavambo, paVakati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza ndokuuya.

Zvino muporofita akati, “Mhandara ichabata mimba, ichazvara Mwanakomana. Vachatmidza Zita raKe kuti Emanueri, nokuti Achange ari Mwari anesu.” Zvino, vakanga vazvitaure, Shoko rakanga rabuda; asi iYe akanga ari Chiedza. Ko Aiva chii? Kuzadzikiswa kwacho. Hareruya! Akanga ari kuzadzikiswa kweShoko iroro. Akanga ari kuratidzwa kweShoko iroro.

<sup>99</sup> Ndizvo zvazviri nhasi, Shoko raMwari rakazadziswa panguva ino! Ndicho Chiedza. NdiMwari vachizviratidza pachaVo. Vakanga vari Chiedza chenyika.

<sup>100</sup> Uye vaporofita, vakafemerwa neMweya Mutsvene, vakati, “Takazvarirwa Mwana, takapihwa mwa—Mwanakomana, kana Mwana akapihwa; uye Zita raKe richanzi ‘Gurukota, Muchinda woRugare, Mwari vane maSimba, Baba Vokusingaperi,’” hezvoka izvo. Iye Aiva chii? Chiedza chakazadzisa Shoko iroro, ameni, Chiedza chakazadzisa Shoko iroro.

<sup>101</sup> Muna Mateo, muna Mutsvene Mateo chitsauko 28, tinowana. Zvino Jesu paakamuka kubva kuvakafa, Akanga ari zvakare Chiedza cheShoko rakataurwa naDhavhidhi, rakati, “Handizosiyi mweya waKe mugehena; uye handingatenderi iYe Mutsvene waNgu kuti aone kuora.” Rufu rwakanga rwuri murima. Asi Akazarura zvidzivo zverufu, akafamba achipinda marwuri, ndokudzoka abuda zvakare. Akanga ari Chiedza,

Shoko rakasimbiswa, rekuti vakafa vanogona kurarama mushure mekunge vafa. Akanga ari.

<sup>102</sup> PaZuva rePentekosti, ndicho chaive Chiedza chakaratiidzwa pakauya Mweya Mutsvene.

Isaya akati, muchitsauko 28 chaIsaya, Isaya akataura, kuti, “Chirevo chinofanira kuva pamusoro pechirevo; mutsara unofanira kuva pamusoro pemutsara; apa zvizhoma, neapo zvizhoma.” “Batisisai kune izvo zvakanaka.” “Nokuti nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava. Uye iri ndiro zororo racho, iri ndiro Sabata raNdichapa kune... Uye zvose izvi vakaramba kunzwa; vakafamba vachienda, vakazunguza misoro yavo.”

Zvino neZuva rePentekosti, apo Mweya Mutsvene wakawira pamusoro pevanhu ivavo, uye vakaita sevarume nevakadzi vakadhakwa, vachidzedzereka pasi pesimba reMweya Mutsvene. Vakabva vakafamba vachienda vakazunguza misoro yavo, ndokuti, “Vanhu ava vakadhakwa, vakaguta newaini itsva,” nezvimwe zvakadaro. Zvamazvirokwazvo chaiva Chiedza, Shoko rakanga raporofitwa, richiratiidzwa.

<sup>103</sup> Ndizvo zvazviri muzera roga-roga, Shoko raratiidzwa, rauya kuHupenyu, ndiro Chiedza chezera iroro, ipapo Shoko raratiidzwa. Sezvazvaingova muna Genesi 1, paya Mwari pavakati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza ndokuvapo. Mwari pavakati kuchava neMwanakomana; Mwanakomana ndokuvapo.

<sup>104</sup> Mwari pavakati, muna Joere 2:28, “Zvichaitika kuti mumazuva ekupedzisira, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita; pamusoro pavashandirikadzi navarandakadzi vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu; majaya enyu achaona zviratiidzo; vatana venyu vacharota hope.” Uye zvinhu zvose izvi zvaVakavimbisa, apo iWo, Mweya Mutsvene wakaburuka, waiva Chiedza paShoko iroro. Shoko parakaratiidzwa, Rakabva razova Chiedza.

Ndiye Chiedza. Ndiye Chiedza chatinofanira kutevera. Ndiye Chiedza chega. Ngirozi dzakawana Chiedza, ndokuChitevera kuenda kwaAri.

<sup>105</sup> Zvino, mumazera ose, Mwari vakaisa Shoko raVo muzviyero kuzera rega-rega. Mwari vanogara vachitumira mumwe munhu wekuti Shoko iroro rinogona kupinda maari roratiidza Chiedza chaRo. Kutu, zera rimwe nerimwe, rinoita zvimwe chete, rinogara richiita izvozvo.

<sup>106</sup> Akanga ari kuzadzikiswa, sezvandakataura, pane masimba ose aMwari, matsvene evaporofita. Vaiva vanamwari vadiki. Pakasvika Shoko raShe kumunhu, Jesu akataura, pachaKe, kutu aive mwari. Munozviziva izvozvo. Akati, “Kana murawo venyu wakati, uye madzibaba enyu kumashure

uko, vakadana, avo vanovingwa neShoko raMwari, vakavadana kuti ‘vanamwari,’ ko mungagoNdipomera sei, muchiti, paNdati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari ivavo?’” Maona?

Apo, ivo Mwari pachaVo, Vakataura Shoko kubudikidza nevaporofita, Vakanga vari kuratidzwa kweShoko iroro rakataurwa. Uye kana muporofita ainzi mwari, nokuti aiva kuratidzwa kweShoko romumwe muporofita, ko mungagoMupomera sei apo iYe aiva chinhu chimwe chetecho? Akanga ari Mwanakomana waMwari, naizvozvo Achanzi Mwanakomana waMwari.

<sup>107</sup> Akanga ari Mesiya akanga avimbiswa kwenguva refu uyo akanga akamirirwa nenyika. Akanga ari vimbiso yaMesiya yakaratidzwa.

<sup>108</sup> Mutarisei paAkamira ipapo. Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka Ndipomerei zvenyu.” Maona? “Asi kana musingaNditendi, tendai mabasa aNdinoita. Anopupura kuti ndiNi Ani. Anokuudzai kuti ndiNi Ani.”

Munoona, nguva iya yehupofu, ine rima yavanogara mairi, havana kuZviona. Havana kutongokwanisa kunzwisisa. “Ko Angagona sei kuva iZvozvo? Ko Angagona sei kuva Mwanakomana waMwari, iYe akazvarirwa zasi kuno muBheterehema?” Dai vakangoziva zvavo, Shoko rakati Zvaizouya nenzira iyoyo. “Handiti, baba vaKe, Josefa, muvezi wemapuranga. Amai vake, handiti, zvinototendwa chaizvo pakati pehama dzedu kuti Akazvarwa zvisiri pamutemo.” Maona? Asi zvakadaro Shoko raMwari rakataura kudaro.

<sup>109</sup> Akati, “Nzverai Magwaro, nekuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo Acho anopupura kuti ndiNi Ani. NdiWo Acho anoNdipupurira, Magwaro Matsvene aya.” Zvino Aiva chii? Chiedza chaMwari. Ndosaka Akati, “Ndini Chiedza chenyika.”

<sup>110</sup> HaAna chete kuti, “Ndini Chiedza,” asi Akati, “Imi muri Chiedza.” Kana Shoko raKe riri mauri, richiZvipupurira pacharo, saka uri Chiedza chenyika. Cherechedzai, tinoona kuti, Chiedza chechizvarwa choga-choga chichiratidzwa zvimwe chetezvo.

<sup>111</sup> Zvino ndinoda kubvunza mubvunzo, se...nguva yedu isati yaenda. Sei, sei zvino vakanga va...vakazviramba? Vaigona kuzviita sei, apo ivo...Bhaibheri ravo chairo, ravaiverenga, rakanga richiratidzwa pamberi pavo. Zvino nyatsonzverai zvakasimba zvino.

<sup>112</sup> Zvino rangerirai, ndiri kutaura nevanhu vazhinji panguva ino, munoona. Havangori 4 kana 500 vari pano, asi ndiri—ndiri kutaura nezviuru vzizhinji.

<sup>113</sup> Imbomira zvishoma. Misa tepi rekodha yako uzvibvunze mubvunzo. Sei munhu anonamata, murume akanaka...Sei

Josefa akava nemubvunzo? Maona? Ko sei Jo-...? Nokuti akanga asina kumbonzvera Magwaro.

Sei vapisita vakava nemubvunzo? Chimwe chikonzero sei vasina...vaizviziva. Nikodhimo akanyatsozvitaure. Akati, “Rabhi, tinoziva kuti Muri mudzidzisi akabva kuna Mwari. Hapana munhu anogona kuita zvaMunoita kunze kwekunge Mwari ainaye. Tinovviziva izvozvo.” Asi chaiva chii? Tsika dzavo dzakavadzivisa kuzviita.

<sup>114</sup> Saka sei vakadaro, vakaramba Mesiya? Ndezve-...Sei vakaramba Chiedza ichocho? Herino Shoko ravaiziva kuti ranga riri kutozadziswa, asi Shoko parakaratiidzwa kuratidza kuti Shoko raMwari rakanga razadziswa (Enzanisai izvozvo nanhasi. Maona?) apo ipapo, pakanyorwa muShoko, kuti izvozvo zvaizoitika, zvino sei varume ivavo vakazviramba? Vadzidzisi. Nokuti vakanga vachirama muchadzera chechimwewo chiedza. Ndizvo izvozvo. Vakanga vachirama mune chimwe chadzera.

Ndizvo zvavari kuita nhasi. Vari kurarama . . .

Chikonzero sei vakachiramba ndechekuti vari kurarama muchadzera chechimwewo chiedza. Maona? Zvino, vairarama muchadzera chevadzera naMosesi, vakataura kudaro. Vairarama muchadzera chei? Rimwewo zera rakapfuura.

Uye ndicho chikonzero nhasi Mharidzo iyi, yekuti, “Jesu Kristu achiri mumwe chete,” ichirambwa, nokuti vanhu vari kurarama muzvadzera zvemamwewo mazeru. Chikonzero chimwe chete, vanoIramba. Zvino tinocherechedza.

<sup>115</sup> Uye Webster anotaura, kuti, “Chadzera imhando yechiedza chenhema. Chadzera chiedza chenhema; ndechimwe chinhu chinovaima.”

Se—sehwerazuva munzira. Ukadzika zasi nemugwagwa, vazhinji venyu muchityaira motokari, uye mukatarisa zasi mberi kwenyu. Paunoona zuva iroro pasi, rinopa chadzera chechiedza, uye sehwerazuva, zvinoita sepane mvura mumugwagwa wese. Asi, kana wasvika ipapo, hapana chinhu chiripo ipapo. Inongova hwerazuva, yenhema, chadzera chechiedza chechokwadi.

Ndizvo zviri kuitwa nadhiyabhore nhasi, ari kuratidza vanhu hwerazuva, Mubatanidzwa weMachechi, boka remasangano, achazoonekwa kuva enhema. Nokuti, imhaka yekuti kune Chiedza chechokwadi chiri kupenya. Chiedza chechokwadi ichocho chainge chisiri kupenya, hwerazuva hayaigona kuvapo. Chiedza chechokwadi chinopenya. Uye ndizvo . . .Vari kurarama muchadzera cherimwe zera, chimwe chinhu, nokuti Chakavanzwa, chakapfuura.

Zvino, chadzera, hwerazuva iyi ndeyenhema. Ichadzera chezuva.

116 Uye ndiyo nzira, vakaita zvimwe chetezvo, chadzera chenhema cheChiedza chechokwadi.

117 Zvino, zvakaratiidza kuti Akanga ari Chiedza chechokwadi. Akanga ari Chiedza. Sei vakaziva kuti ndiYe aive Chiedza? Waizoziva sei kuti Aiva Chiedza? Nokuti Shoko rakavimbiswa rakaratidzwa kubudikidza naYe, saka Akanga ari Chiedza cheShoko iroro rakataurwa. Ameni! Oo, zvingatoita kuti ini, muBaptisti wechipentekosti, ndidanidzire. Cherechedzai, fungai nezvazvo!

118 Chadzera, munoona, kurarama muchadzera! Asi kana Shoko rechokwadi richirarama, ndicho Chiedza, zvakataurwa naMwari.

Zvino, ko dai Mwari vakati, pamavambo, “Ngakuve nechiedza,” huh, zvino, uye poita chimwewo chinhu chinonekwa, munoona, chinongovawo hwerazuva? Munoona, zvingadai zvisiri izvo, hazvo, zvakataurwa naMwari. Kwete, zvingadai zvisiri izvo. Ko dai Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” zvino kwotowedzera imwe mhute? Munoona, chingadai chisiri chiedza. Asi, chikonzero chiedza chakauya, chaiva Shoko raVo richiratidzwa.

Uye nhasi, kana Mwari vakati zvinhu zvakati nekuti zvichaitika panguva ino, uye wozviona zvichiita, chii ichocho? Ndicho Chiedza paShoko raMwari. IShoko riri kuitwa Chiedza, richiZviratidza.

119 Zvino, vakati, “Unoti isu tiri vanaani? Handiti,” akati, “Unoedza ku...Tinoziva kuti Unopenga iwe. Handiti, Uri muSamaria; Iwe hauna pfungwa dzaKo dzakakwana. Zvino, Uchaedza ku...Ndiani anogona kutaura...Tinoziva kuti Wakazvarirwa muchivi. Hatizive kwaUnobva. Hatina nhorondo yekuzivikanwa kwaKo mumapoka edu. Handiti, Unopenga. Une dhimoni.” Maona? Ndokuti, “Handiti, Wakarasika njere dzaKo.” Asi chaizvo Aiva Chiedza chechokwadi, chaicho chaMwari, chichipenya.

Zvino chadzera chakanga, chapofomadza maziso avo. “Isu tina Mosesi semutungamiri wedu!”

120 Akati, “Dai maitenda Mosesi, mungadai makaNdiziva.”

121 Zvino kana ukatenda Jesu neBhaibheri, unozoziva nguva ino yauri kurarama mairi. Vanoti, “Zvinoka, tiri Makristu. Isu...” Dai maiva, maizoziva mabasa aKristu ezuva rino. Munoona, maizoaziva.

122 Jesu akati, “Vaporofita vose ivavo vakataura nezvaNgu. Uye kana muchitenda vaporofita ivavo, handiti, maizoNdiziva. Mabasa aNgu anozivisa. Nokuti, zvavakati Ndichaita, Ndinozviita. Uye ndiani angaNdipomera zvino mhosva yekusatenda?”



123 Uye zvakadaro havana kuzviona. Sei? Meso avo akanga akapofomadzwa, nechadzera; munooona, chadzera chechimwewo chinhu chavakanga vatora kuti Shoko rechokwadi rakataurwa raiva. Zvino pafungei. Pafungei. Vaiti ivo vanotenda Shoko iroro. Asi tsika dzavo dzakanga dzatendeutsira zvizo zvavo kubva paShoko rechokwadi, kune chadzera, nokudaro vakanga vasingakwanise kuona chinhu chechokwadi.

Ndizvo zvazviriwo nhasi uno. Ndizvo zvazvaive muzera rimwe nerimwe. Munooona, Shoko re—rechokwadi rinopenya, asi vainyatsova vetsika, zvekuti, havaikwanisa kuona Shoko iroro. Vakatarisa kuchadzera, uye mapofu. Chadzera chinokupofomadza. Pane chimvari chinobva pachiri. Chinokupofomadza. Uye, chichadaro, apo . . .

124 Jesu akati, “Muri mapofu, anotungamirira mapofu.” Vaifanira kunge vakakwanisa kuzviona, kuona kuti Aiva Ani. Asi havana kudaro, nokuti vakanga vachirarama muchadzera ichocho.

125 Zvino, chadzera, sekutaura kwandaita, chiedza chenhema, hwerazuva, pfungwa yenhema yeChiedza chechokwadi. Pfungwa yenhema; chinhu icho—chinofanirwa kutaridzika saiCho, asi chisiri iCho.

126 Zvino nzira chete yavaigona kuona mutsauko wacho, nokuti zvinhu chaizvo zvakaitwa naJesu zvakaraidza kuti Aiva Ani, kuti Aiva Chiedza. Vaifunga kuti vaiva muChiedza. Asi zvino kana ukambomira kwechinguvana wofunga kuti ndiani ari muChiedza, zvino.

127 Zvino, nhasi! Kana mhosho ine njodzi yakadaro yakaitwa nevanhu vemachechi vezuva iroro, chinhu chine njodzi chakadaro chakaitwa, hama, hamufunge here kuti yave nguva yekuti timbomira tichifunga kuti Chiedza chii? Ngatisaiti mhosho ine njodzi yakadaro. Asi muri kuzviita. Makatozviita, munooona, uye musingazvize, zvimwe chete nezvavaiva kare. Zvino chimbomirai zvisoma muone kuti Shoko rinoti kudini nhasi.

128 Dai vange zvino vakambomira vofunga, “Hepano paAri achizadzisa, nemo-nemo, chaizvo izvo Shoko rakati Aizoita.”

Uye Akavapikisa, sekukudenhai kwandiri kuita! Maona? Maona? Ndiri kukudenhai kuti mutarise muShoko, nzverai Magwaro, muone kana iyi isiri nguva yacho. Maona? “Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo Acho anopupura nezvaNgu.” Ndiwo Acho anopupura nezvebasa iri nhasi. Mabasa pachawo anopupura kuti zviri kuitwa, uye Gwaro rinoti zvichaitwa, saka ndicho Chiedza chenguva. Shoko raMwari rakataura kudaro.

129 Tsika dzenyu nezvimwe ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri, sevaya vakazunguza misoro yavo ndokuenda.

“Matafura ose azere namarutsi,” Bhaibheri rakadaro. Uye ndipo pavakanga vari. Havana kugona kuzvitenda. Vakazunguza misoro yavo. Uye, varumewee, munocherechedza here? Uye, hama, munocherechedza here izvi, kuti, kana muchiramba chinhu chaicho chiri kusimbiswa naMwari pamberi penyu, kuti muri kuita zvimwe chete zvavakaita, kudzokera kumarutsi enyu etsika?

<sup>130</sup> “Sembwa inoenda kumarutsi ayo.” Kana zvakairwarisa kekutanga, zvinoirwarisa futi kechipiri. Kana chechi yeKatorike, yakaitwa sangano uye ikaitwa sangano rekutanga, yakauza hurwere kuchechi; ndizvo zvichaita Lutherani, Methodist, nevamwe vose, Baptisti, Presbyteriani, nemaPentekosti. “Imbwa inodzokera kumarutsi ayo, nenguruve ichidzokera kumatope ayo.” Maona? Tiri kusvika kwazviri mumaminetsi mashoma, Ishe vachitendera.

<sup>131</sup> Chadzera, kufamba muchadzera, munoona, hwerazuva, pfungwa yenhema yeChiedza chechokwadi. Akaratidza kuti Aiva Chiedza.

Nokuti, iYe, ari mu...muvashoma-shoma chaivo, oo, ini zvangu, mamiriyoni achipesana naYe! Pakanga pasina chikamu 1 kubva mune 6 chevanhu, chikamu 1 kubva mune 90 chevanhu, panyika, vakamboziva kuti Aivepo. Kwete, ndinodaira kudaro, chikamu 1—1 kubva mune 100 chemaJudha, kana kuti pasitorina chikamu 1 kubva mune 50 chavo, kana 40, ndingati, zvichida vashoma kudarika ivavo, vemunyika yaKe iYe, vakamboziva kuti Aiveko. Uye avo vaiziva kuti Aivepo, vakaMutora sechimwe chinhu chenhema, nokuti sangano rakanga ravaudza kuti ndizvo zvaAiva. Maona?

Asi zvakadaro Akanga ari Chiedza chechokwadi chakanga chataurwa kubva kuna Genesi, kumavambo, uye akavati vanzvere Magwaro uye vaone kana Akanga asiri kurarama munguva iyoyo chaiyo; kana iYe, mabasa aAkaita, asina kuzadzisa chaizvo zvakanga zvakavimbiswa zvenguva iyoyo. Amen. Oo!

<sup>132</sup> Inyaya ine basa kwazvo, hama! Tiri kurarama munguva hurusa.

<sup>133</sup> Akaratidza kuti akanga ari chaiye. Ndiye aiva Chiedza chavaiti vari kunamata. Vaiti vari kunamata Chiedza ichocho.

Ndizvo zvazviriwo nhasi. Vanoti ndiCho chavari kunamata. MaPentekosti vanotaura kudaro. Vanozviti vari, uye vakapofomara kwazvo havakwanise kuzviona. Sei? Vanoita sangano, uye, asi chiri chadzera pachiso chavo. Maona? Imwewo tsika ndiyo inogarirwa pamwe chete nevamwe vanhu, zvino voti, “Tichaenda tonogadzira *ichi neichi, neichi neicho.*” Zvino tichasvika pakuti sei izvozvo zvichifanira kuitika, Ishe vachitendera.

<sup>134</sup> Cherechedzai, mabasa aKe akanga ari Shoko benyu pachaRo. ZvaAkaita rakanga riri Shoko benyu pachaRo, zvichiratidza kuti Aive Chiedza ichocho chakanga chakavimbiswa kubva pakuvambwa kwenyika. Akanga ari Chiedza ichocho. Chiedza chaKe paShoko rakavimbiswa rezera iroro chakaRiita kuti rirarame kune chaizvo zvarakanzi nevimbiso Raizoita, asi vakanga vakaRipindurudza kusvikira vasingachaRioni. Maona? Asi Akanga ari Chiedza chezera iroro.

<sup>135</sup> Akanga ari Chiedza chavaiti vari kunamata. Vaifunga kuti vainamata Mwari wacho chaiye wezvisikwa. Vakanga vachigara uye vachinamata chadzera, zvino Jesu akati, “MunoNdinamata pasina, muchidzidzisa tsika dzavo dzevanhu seDzidziso yekunamata, asi kwete Shoko.” Ndiye Shoko, uye Aiva Shoko rakaratidzwa. Vaifanira kunge vakazviziva.

<sup>136</sup> Ndinovimba kuti rinogona kubudirira, kwese kwarinonzwikwa, munoona, kuti iShoko rakaratidzwa. “Oo,” unoti, “oo, tine Shoko.” Handiti, Shoko, munhu wose anotakura Bhaibheri, anoda zvake. Asi, kana Shoko rasimbiswa, raratidzwa!

Handiti, toti, “Zvinoka, tinotenda!”

<sup>137</sup> Hongu, changamire, vakatenda, nzira yose. Ndizvo zvinoitawo Satani. VaFarisei ivavo, ndiani aigona kuvapa mhosva, kuti havatendi? Asi havana kutenda Shoko renguva iyoyo. Vakanga vachinamata chadzera chechimwewo chinhu.

Ndizvo zvimwe chete zvavari kuita nhasi uno. Maona? Vari kuchengeta kufanotaura kwaLuther- . . . tsika, kana—kana tsika dzaWesley, nevamwe vavo vose, tsika dzePentekosti. Asi vari kuti kudii nezvenguva ino?

VaFarisei vakanga vachichengeta tsika dzavo. Asi seri kwetsika dzavo kwaiva neShoko raMwari rechokwadi raiuya kuzopenya, uye, paRakadaro, Rakapofomadza maziso avo. Havana kukwanisa kuRiona nokuti vakanga vachiona chimwewo chinhu.

Ndizvo zvazviriwo nhasi! Dai Mwari vakatendera kuti izvozvo zvisinine mukati, kusvikira zvanyatsobata vanhu vanofanira kuzvitenda. Nguva yapera kupfuura zvamunofunga.

<sup>138</sup> Mwanakomana wangu, Billy Paul, anotaura ari kuhope, asi haawanzorota. Akava nechimwe humwe husiku chakamuvhundutsa. Akati akarota ari muchechi, uye—uye ivo . . . Ndakanga ndisati ndapinda.

Akati, pandakapinda, maibhururuka moto kubva mumaziso angu, ndikati, “Nguva yasvika. Zvaperera.”

Zvino munhu wese akatanga kudandzira, “Handikwanise! Vana vangu!”

<sup>139</sup> Uye kunyange mudzimai wangu akati, “Handitokwanise kuita kuti Sarah anamatire chikafu patafura,” nezvimwe zvakadaro. Ndikati. . .

Akati, “Ndinofanira kuenda kunotoro Loyce ne—nemwana.”

<sup>140</sup> Ndakati, “Loyce haakwanise kuuya zvino. Mwana mudikisa kuti azive. Billy, nguva yasvika. Tinofanirwa kuenda.” Ndakati, “Pava pakati pehusiku zvino. Kusati kwayedza, Jesu achange atova pano. Kana zvisiri izvo, ndiri chapupu chenhema chaKristu.”

Zvino mumwe munhu akataura, akati, “Hapana munhu anoziva miniti kana awa.”

<sup>141</sup> “Handina kumbotaura miniti kana awa. Ndati, ‘Pane imwe nguva kubva zvino nemambakwedza.’” Ini ndikati, “Ngati—ngatiendei.” . . . ? . . . Ndikati, “Asi tiri panguva yacho. Handeyi.”

Zvino takapinda mumota, ndokutanga, ndokutanga kukwira mugomo. Uye patakadaro, zvaiita sokunge chiedza chaiuya muchadenga, asi kuine rima panyika. Akati ndakanomira kurutivi rwemugwagwa, ndokusimudza maoko angu sekudai, moto uchiri kubuda kubva mumaziso. Uye ndokuti ini ndakati, “Ishe, ndaita izvi sokuraira kweNyu. Ndaita izvi nokuti Makandiudza kuti ndizviite nenzira iyi. Ndaita zvinhu izvi zvichienderana nezvaMakandiudza.”

Uye ndakanongedzera kugomo guru regirenaiti; zvino chi—Chiedza, chisina maoko, chakacheka Dombo kubva mugomo, rairema mazana ematani, uye heChinoi chichiuya. Ndakati, “Tendeutsai misoro yenyu; musatarise. Zvese zvichange zvapera mumaminetsi mashoma.” Akati, zvino rumwe runyararo rwukuru rwutsvene rwakauya pese ipapo, apo Dombo iri paraiuya panzvimbo iyoyo.

<sup>142</sup> Nguva ingange yapera kupfuura zvatinofunga. Ipapo, munoono, ndizvo chaizvo zviru muMagwaro, munoono, “Ibwe, pasina maoko, rakachekwa kubva mugomo.”

Uye saka rimwe remazuva ano zvichava saizvozvo, pauchazoridza mhete nekuda kwechimwe chinhu. Ndakati kwavari, “Makava nenguva iyoyo kare. Mwari vaigara vachikuyambirai, nguva nenguva. Hongu.” Ndikati, “Kunyangwe ari mwana wangu, kana chero ani zvake, nguva yasvika. Ndinogona chete kutaura zvaVandiudza kuti nditaure, uye zvichavepo,” uye zvakava saizvozvo.

Uye—uye zvakare, kamwe-kamwe [Hama Branham vanoombera maoko avo—Mupepeti], hoyo Achiuya, “Dombo rakachekwa mugomo, pasina maoko.” Dhanieri akazviona izvozvo, munoziva, makore mazhinji akapfuura. Billy hapana chaaiziva nezvazvo, asi dzaive—dzaive hope dzakatumirwa kwaari dzichibva kunaShe.

143 Zvino, munoona, vanoti ivo vari kunamata Mwari iyeye chaiye wavari kuita dambe naye. Uye chinhu chimwe chete chadzoka zvakare nhasi, nechikonzero chimwe chetecho, kurarama muchadzera panzvimbo yeChiedza. Zviedza Zvikuru zvine kupenya. Zvakanaka.

144 Tarisai zvakaita rima ratiri mariri nhasi! Tarisai zviri kuitika nhasi! Tarisai kuponda, kubata chibharo, kunetsana! Handiti, zvakaitika. Ndinotenda aive Billy Graham akati, mumusanganano wake wekupedzisira, “Mumakore 10 kubva zvino, mugari wese wemuCalifornia achatofamba aine pfuti kuti vazvidzivirire. Haugone kuisa mutemo wakakwana.” Vanhu vave kutongopenga; kupfura, kuponda, nekubata zvibharo, zvose, munoona. Kwangova kupengereka, munoona, mumigwagwa. Munoona, i—izuva ratiri kurarama mariri, zuva reSodhoma. Maona?

Asi pane Chiedza chiri kupenya! Dai vaingotarisa chete, dai vaingona chete, votarisa muShoko uye voona zvinofanira kuva munguva ino, vaizoziva zviri kuedza kuitwa.

145 Zvino, vanoti vari kunamata Chiedza ichocho, saka naivowo vaiti vainamata Chiedza ichocho, asi vakanga vachinamata vari muchadzera chechimwe chiedza panzvimbo yechechokwadi. Maona? Akanga ari Chiedza.

146 Zvitendwa netsika, muchinhano chavo chekupofomadzwa, zvakanga zvavabvisa paChiedza chechokwadi cheShoko rakavimbiswa. Shoko rakanga rasimbiswa naMwari, kubudikidza naJesu, Chiedza chenyika, chakauya ndokuita kuti Shoko iroro rirarame chaizvo munguva yaKe, kusvika pamazuva acho chaiwo. “Achagurwa pakati pemavhiki 70, ndizvozvo, anova makore 3 nehafu echiporofita chaKe. Mesiya aizouya, Muchinda, uye aizoporofita, uye mazuva 3 nehafu ezvizvi, zvino Aizogurwa kubva kuvapenyu, ogoita yananiso.” Uye ndizvo chaizvo. Akaparidza makore 3 nehafu. Uye yavo . . .

147 Uye Pisarema racho chairo rakataurwa naDhavhidha kuti, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, MaNdisiireiko?” Mapisarema 22, “Mapfupa aNgu ose, vanoNdidzvakora. Vanozunguza misoro yavo. Vanopfuura nepaNdiri.” Makore 850, izvi zvisati zvaitika, Dhavhidha paakaimba rwiyo irworwo muMweya, uye rwakatorwa sechiporofita, uye ndokupihwa. Vaiimba nziyo idzodzo mutemberi apo Chibairo chimwe chetecho chainge chakaremba pamuchinjikwa, nemaoko aKe, uye akabaiwa. “Uye vakabvoora maoko aNgu netsoka dzaNgu.” Maona? Munoona here? Saka, sei? Vakanga vachirarama muchadzera. Havana kuona Chiedza.

148 Ungafungidzira here munhu ane njere dzakakwana achiita izvozvo? Zvimwe chetezvo zvandingagona kufungidzira munhu ane njere dzakakwana achimhanya kunodzika muimba yepasi

opinda mune hunyoro, achivhara mikova yake pamwe chete, uye oti, “Ndinoramba kuona kuti kune chiedza.” Kupenga ikoko.

Uye dzake dzepamweya dzarasika, pane imwe nzvimbo, kana munhu achiona kuti Bhaibheri rakavimbisa izvi, uye wozviona zvichirama pamberi pake chaipo uye zvichiratidzwa, uyezve oramba achigara muzvitendwa izvozvo nezvinhu kunze uko zvinoRiramba. Misikanzwa yepamweya. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>149</sup> Hepano paAive zvino. “Akanga ari—Akanga ari Chiedza chenyika, uye nyika yakaziva...Akauya kune VekwaKe; VekwaKe havana kuMuziva. Akauya munyika, uye nyika yakasikwa naYe, uye nyika haina kuMuziva.” Maona? “Asi vose vakaMuziva, kwavari Akavapa simba rokuti vave vanakomana vaMwari, kune avo vakatenda kwaAri.”

<sup>150</sup> Rangarirai, hatigone kurarama nechiedza chanezuro. Chiedza chanezuro chakatoenda. Hachisisipo zvachose. Icho, chiedza chanezuro, dzangova ndangariro. Chiedza chezuva ranezuro dzangovawo ndangariro, kana kuti, yave nhoroondo. Hatikwanise kurarama muchiedza chanezuro, zvakare. Uye zvimwe chete, kunyangwe riri zuva rimwe chete, zuva rimwe chete, asi zuva rimwe nerimwe rinobudisa simba raro rakati wedzerei kusimba, kuibvisa tsanga kuitira kukohwa. Maona?

<sup>151</sup> Zuva rinouya nhasi, rowedzera kusimba zvishoma. Zuva rega-rega zvino rinouya rawedzera kusimba zvishoma, rowedzera kusimba zvishoma, uye kusvika pakupedzisira gorosi, rirerepo, richa—richatanga kutora hupenyu. Mushure mechinguva, hu—hupenyu huchakwira kumusoro, zvino hwachiti wedzerei kusimba, huchiwedzera kusimba. Kurume, Kubvumbi, Chivabvu, Chikumi, Chikunguru, rave munguva yekukohwewa zvino, munoona. Zuva rimwe chete riri kupenya nhasi, muna—muna Ndira kana Zvita, riri kumusoro uko richigeza chando ichi nekuchinyungudutsira patsanga iyoyo, richiiunzira mvura; ndiro zuva rimwe chetero, asi gorosi iroro harikwanise kurarama muchiedza chezuva chimwe chetecho muna Chikumi. Munoona, harigone kuzviita. Munoona, zuva rinouya rakati wedzerei kusimba zuva rega-rega, uye tsanga inofanira kunge yakati svikei kuti igamuchire chiedza chezuva.

<sup>152</sup> Ndiro dambudziko ririko nhasi. Tsanga yakadyarwa mumadzibaba ekutanga, kumashure uko muna—muna Luther naWesley nevamwe, yakatsonga; haigoni kutora Mwanakomana, Mwanakomana anoiuraya. Yakaramba kukura. Maona? Akaicheka, yakazvibvisa pagunde, tingati, ndokuuya kuno *uku* ndokuzviitira pachayo kamwe kanhu kadiki. Yakava chikwande, zvino, uye pasina Hupenyu mairi. Tsanga inofanira kunge ichikura uye ichiwedzera kusimba, apo Mwanakomana anenge achiwedzera kusimba zuva nezuva.

153 Zvino ngatitarisei kwechinguvana. Tichatarisa mazera ekereke. Kune mazera manomwe ekereke. Uye apo mazera iwayo ekereke, rimwe nerimwe, tarisai kuti Akataura sei kwaari zvaizoita, kuti tsanga yaizokura sei ichisvika panguva ino yekupedzisira pano, nguva ino yekupedzisira yatiri kurarama mairi. Saka machechi anofanira kuita zvimwe chetezvo, munoono, machechi.

154 Zvino tarisai, Luther akadyara tsanga, uye Luther akanga ari tsanga zvino akaidyara. Zvakanaka. Ndizvo zvaiva Wesleywo; uye, zvakare, ndizvo zvakanga zvakaita Pentekosti; ndizvo zvakanga zvakaita maBaptisti, maNazarene. Asi, munoono, zvino Luther haaidzokera shure onorarama muchiedza chesangano rekutanga, Katorike. Kwete, changamire; akanga ari chimwe chiedza. Vaiva Mwari vachiibvisa chimwe chinhu. Zvino vashoma vakabuda imomo, rumutsiriro irworwo rwaLuther.

155 Zvino kwakauya rumutsiriro rwaWesley, uyezve, mune irworwo, handiti, havaigona kudzokera kunoita maLutherani. Maona?

Ndokubva kwakazouya maPentekosti. Zvino maPentekosti vakazoita sangano uye vakaita zvimwe chetezvo, vakaita chikwande. Cherechedzai.

156 Asi tsanga inoenderera mberi. Zvino tave mune rimwe zera. Sei vasingaRigamuchire? Sei vasingaone kuti tsanga iyoyo yaibva? *Herinoka* Shoko rakavimbiswa rezuva rino. Sei vasingaRione? Nokuti vari kurarama muchadzera chechiLutherani, chadzera chechiHwisiri, chadzera cheBaptisti, chadzera chechiPentekosti. Vari kurarama muchadzera chechimwe chiedza. Ndicho chikonzero vasingakwanise kugamuchira Chiedza cheShoko rakazara richisimbiswa sekuvimbiswa kwarakaitwa naMwari. Zvisimbiso Zvinomwe izvozvo, pakazarurwa zvakavanzika zvose, zvaizodzoka zvotaura kuti sei zvakavanzika izvi zvakaitwa saizvozvo; uye, zvakadarwo, kana izvozvo zvapinda, vanofamba vachienda kure naZvo kupfuura kare kose. Havana pembedzo.

157 Mwari vakazviita kubudikidza neMweya, kubudikidza nezvizaruro. Vaka—Vakazviratidza zvakakwana, nesainzi nezvimwe zvose, kuti iChokwadi, kuti iChokwadi. Uye zvakadarwo vanoda kurarama muchadzera chePentekosti, “Ndiri Assemblies! Ndiri Oneness! Ndiri weChurch of God! Ndiri *izvi!*” Munoono, kurarama muchadzera chezera remakore 40, 50 akapfuura. Kurarama muchadzera cheLutherani. Kurarama mune chaWesley, cheBaptisti, chePresbyteriani, kana chimwe chadzera cheNazarene, cherimwe zera rechechi rakaenderera mberi uye rikaita sangano uye rikaita zvimwe chetezvo, uye rikaramba nokurasa Chiedza apo Chiri kutonyatsopenya.

158 Uye uri kurarama muhwerazuva. Ndinozvitaura neruremekedzo, munoona, asi muri. . .kwete kukurwadzisai, asi kuti ndikupeputsei. Muri kugara muhwerazuva.

Ko dai Jesu, akati “Nhai, muri mapofu, uye muri kutungamirira mapofu”? Havana kugona. . .Akaedza kuvaudza; uye haana kuzviita. Akati, “Varegei vakadaro. Kana bofu rikutungamirira bofu, vose vachawira mugomba.” Ndiyo nguva yandasvika kwairi! Kana ivo vachizodzedzereka, handina zvandingazviite. Ndakaita zvese zvandinogona kuita. Ndakaita nemazvo.

Ndakaita izvi pakuraira kweNyu, Ishe. Muri chapupu.

Kubva 1933, zasi parwizi, apo Chiedza chiya chamunoona, chakapenya pasi, Changa chingori muno mutabhenakeri uye chikapupura kwamuri, makore ose aya. Uye zvose zvaChakataura zvakaitika. Uye vanoramba vachipfuurira mberi. “Regai mapofu atungamirire mapofu.” Ndichangomirira ngwa iyoyo; Achauya, rimwe remazuva ano.

159 Cherechedzai, kurarama muchadzera chaLuther, kurarama muchadzera chaWesley, vachigara muzvadzera izvozvo kumashure uko, ndicho chikonzero vasingaone Chiedza chechokwadi. Dai vakambomira kwemaminetsi mashoma, vongotora Bhaibheri voRiverenga, vaizozviona kuti. . .ichi ndicho Chiedza chakavimbiswa chenguva ino.

160 Zvino tichatora zvimwe zvezvinhu izvi muchinguvana. Akavimbisa, maringe naMaraki 4, zvinhu izvi zvaizoitika. Akavimbisa, nemuMagwaro ose, zvaizoitika. Maona?

161 Cherechedzai Israeri zvakare, mufananidzo wedu, murwendo. Onai, vachidya mana, hwaiva Hupenyu hwavo hweChiedza, hwaivapa simba, Hupenyu. Ndizvo here? Israeri hayaikwanisa kudya mana yanezero wacho yakanga yavawira. Yainge yatosvibiswa. Yainge yatowora. Yainge isina kuvanakira. Vaizofa, nekuda kwayo. Mana yakavararamisa nezuro yaizovauraya nhasi. Bhaibheri rakati yaiva nehutachiona mairi, yakasvibiswa. Uye mana, vaifanira kuwana mana itsva zuva nezuva. Amen.

Uye chii ichocho? Vanhu vanorarama nemana yaLuther, Wesley, naivo kumashure uko, muri kudya zvinhu zvakasvibiswa zviri kukuurayai, pamweya. Zviri kukuurayai, makafa mutsika dzenyu.

162 Yanezero, mana yaLuther, yaisashanda kuMethodisti. Mana yeMethodisti yaisashanda kuPentekosti. Mana yePentekosti haishande nhasi. Munoona zvandiri kureva? Mazuva ese yayiuya, zuva nezuva, iri itsva, uye ndizvo zvazvakava mukufamba nemumazera ekereke.

Mana yaLuther yaive mharidzo yekururamiswa. Mharidzo yaWesley yaive kuratidzwa kwekucheneswa. Pentekosti



yaive kudzoreredzwa kwezvipo. Asi iyi iri kuzivisa Dombu repamusoro, zuva rekupedzisira, Muti weMwenga, inova inopesana navo vose, asi zvakadaro Chiri Chiedza chimwe chetecho cheyakaibva.

Sezuva rimwe chete, riri kupenya nhasi uno, richange richibvisa tsanga kuitira nguva yekukohwa muna Chikunguru. Maona zvandiri kureva? Asi chiedza chanhasi hachina zvachinobatsira ikoko muna Chikunguru. Chakawedzera kusimba. Gorosi rinenge rawedzera kuibva; ragadzirira kuchigamuchira. Ameni. Zvirokwazvo ndizvo. Vaisakwanisa kuchigamuchira iye zvino; rinokwanisa panguva iyoyo. Mwaka wakanga usiri iwo, panguva iyoyo; wave iye zvino.

<sup>163</sup> Haugone kupesana nezvisikwa zvaMwari. Vane murawo, uye, kupesana nemurawo iwoyo, zvinouraya chirimwa chako. Unofanira kufamba maererano nemirawo yakataurwa naMwari, zvino mirawo yaVo iShoko raVo. Murawo chero upi zvawo ishoko rakataurwa. Uye shoko ipfungwa yaratidzwa. Maona? Zvino ti—tinoziva kuti ichokwadi.

<sup>164</sup> Chiratidzo chii? Shoko raMwari, kana chimwe chinhu chakafanotaurwa, kana kufanotaurwa kwechiitiko. Uye chiratidzo icho chaiva nevaporofo, uye chaiva naJesu, chaiva naPauro, uye navo vose, uye zvichitaura nezvezuva rino, zvaive kufanotaurwa kweizvo zvaizoitika. Uye pano tinooona zvachafanotaurwa zvichiratidzwa, uye vanhu havatombozvicherechedza. Muri kuona zvandiri kureva? Zvino, mana yanezuro . . .

<sup>165</sup> Tarisai pano, makambocherechedza here? Zuva, z-u-v-a, rakafamba, kubva kuMabvazuva richienda kuMadokero, paraifamba nguva yose. Makazvicherechedza here izvozvo? Uye, cherechedzai, mazera ekereke akaita zvimwe chete. Chii? Zuva, m-w . . . z-u-v-a, rikatanga kuMabvazuva. Zvino budiro yehungwaru yakafamba pamwe nezuva, chiedza chakataurwa chaMwari chokuti vagare machiri. Akauya, achitevera zuva, honai kwaraienda.

<sup>166</sup> Hupenyu pachahwo, paunozvarwa, hwakafanana nezuva. Unoenderera mberi, uchienda kusvika chaiko kunovira kwezuva, kubva pakuzvarwa kwako kusvika pakuvira kwezuva.

<sup>167</sup> Munhu akafamba akananga kumadokero, nguva dzose. Budiro yehungwaru yekare yatinayo iChina, munyika dzekumabvazuva. Jerusarema . . . Uye, cherechedzai, inoramba ichifamba ichienda kumadokero painoenda, uye painoramba ichingoenda mberi, kuMadokero.

<sup>168</sup> Naizvozwowo zera rekereke rakafamba nenzira imwe cheteyo, neM-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari. Tarirai, Pauro, church yokutanga, yakatangira kuMabvazuva; yakabva ipapo, ikasvetukira mhiri kwegu—gu—gu—gungwa, kupinda muGermany. Yakaita kudhonza kutatu. Tarisai pano. Kubva

kuAsia, zasi mu—muPalestine, yakasvetuka nyanza kuenda kuGermany; aiva Luther. Uye yakasvetuka kubva kuna Luther, ichiyambuka English Channel, ichienda kuEngland naWesley. Uye kubva kuna Wesley, yakasvetukira kuMhenderekedzo dzekuMadokero, kuUnited States. Uye iyi, kana ukaramba uchienda mberi, iri kudzoka kuMabvazuva zvakare. Ino ndiyo nguva yemanheru.

<sup>169</sup> Tarisai kuti mazera ekereke akarwa sei. Luther... Pauro, kutanga, shure muzera rekutanga; ndokuzouya zasi kuIreland, kuna Irenaeus, nevamwe vakadaro; ndokudzika kuFrance; kubva ipapo, kunopinda muGermany; ichinopinda muEngland; ichiramba ichienda kuMadokero.

Uye zvino hatichagona kuramba tichienda mberi. Rino ndiro zera rekupedzisira. Zvino Bhaibheri rinoti kudii nezvezera rino rekupedzisira? Munoono, maringe negeography, vanyori venhorondo, uye nechero nzira ipi yaunoda kuzvitora. Zviri muMagwaro, kutanga; Magwaro, honguka, kutanga. Humbowo, munhorondo, chero nzira yaunoda kuzvitora nayo, tave kumagumo, zera rekupedzisira rechechi.

<sup>170</sup> Uye, tarisai, payaienda mberi yakawedzera kusimba nakusimba. Uye ndizvo zvakaitawo vashoma-shoma chaivo, veChechi vakakura kubva pakururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye zvino kuDombo rechiruvu riri kuuya, ichizviumba. Hakusisina mamwezve masangano mushure meiyi. Hapachazova nemamwezve. Munoono, hazvigone, munoono, tiri kuMadokero.

<sup>171</sup> Kungokuratidzai, kuburikidza nemhando dzose nezvimwe zvese. Uye tarisai kusvetuka kutatu ikoko, kudhonza kutatu. Tichapinda mazviri manheru ano, munoono, munoono, kuti tave panguva yekupedzisira sei. Ndizvo chete...

<sup>172</sup> Z-u-v-a rakafamba seM-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a; M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a sez-u-v-a. Chechi yakauya zvimwe chetezvo, kubva muMazera Manomwe eKereke, nezvimwe zvakadaro. Budiro yehungwaru yakanyatsofamba ichienda kuMadokero, uye Chechi yakanyatsofamba ichienda kuMadokero. Uye zvino kana tikaramba tichienda mberi kupfuura zvatiiri iye zvino, tinodzoka kuMabvazuva zvakare. Ukabva kuMahombekombe ekuMadokero, unodzokera chaiko kuChina, Japan, wodzokera mukati zvakare. Mamaera 7,000 kuyambukira mhiri, unodzokera kuMabvazuva zvakare. Saka, Mabvazuva neMadokero zvasangana, ndiyo nyaya yacho. Tava kumagumo. Hapana chasara.

<sup>173</sup> Uye zvimwe chete zvaitika, nhasi, zvakaitika kumashure uko. Zvimwe chete zvasangana kuMadokero zvakambosangana kuMabvazuva. Vanhu vachigara muchadzera chechimwe chiedza chaiedza zvirokwazvo kuratidza Chiedza chaizouya, ndokuChiramba, nokuti vane chadzera panzvimbo yeChiedza.

Oo! “Zvino kwakava neChiedza chikuru munyika yeMarudzi; Zabhuroni, naNafutari; weGarirea, . . . muGarirea, nyika yeMarudzi.”

<sup>174</sup> Rino izera rechinomwe rekereke. Rangarirai, uye nguva yose apo zuva iro rinotanga kupenya kuMabvazuva, ndiro zuva rimwe chete rinopenya kuMadokero. Uye Mweya mumwe chete wanga uripo nemumazera ose, saizvozvo, ndiye Mwanakomana mumwe chete nhasi. Zvinongovei, zvino? Sezvakangoita kuibva, mwaka wacho. Zuva riripo iye zvino, ndiro zuva rimwe chete richaibvisa tsanga mumatsutso ano, chirimo chino, munoono. Asi chii? Izuva rino iri, richiwedzera nezvarichazova. Uye nhasi, muzera rino rekupedzisira, ndizvo zvavaiva, vachiwedzera neIzvi.

Uye zvakadaro vanoda kugara kumashure uko, sechidhoma, vodzika zasi mune hunyoro, yekare internom- . . . imba yepasi yekare yesangano nechitendwa, vovhara maketeni avo, woti, “Ndinoramba kuChiona. Zvose hazvina maturo.” Uye apo Bhaibheri racho chairo, ravanoti vanotenda, riri kuziviswa neMweya Mutsvene mumwe chete uchiunza Chiedza mumazuva okupedzisira!

<sup>175</sup> Macherechedza here? Uye nyatsotaraisai imomo muna Maraki, kuti akazvipa sei kuti, “Kutenda kwemadzibaba kuvana, uye nevana kumadzibaba.” Munoono, Mweya mumwe chete paWakasimuka kumashure uko, paUnosimuka pano zvakare, chinhu chimwe chetecho. Munoono, uchingova zvinopesana zvacho, chaizvo, wadzokazve zvakare. Nokuti, sei? Mabvazuva neMadokero zvasangana. Chaizvoizvo pasi pechiso chedu, asi zvakadaro havazvioni. Sei? Ndosaka Jesu akati, “Ingovaregai vakadaro, zvino. Mapofu, anotungamira mapofu, vese vachawira mugomba.”

<sup>176</sup> Chiedza chemamwe mazera chaingopa chadzera cheChiedza chino ichi. Maona? Zuva nhasi rinongopa chadzera chete, ichadzera chezuva richange ririko muna Chikunguru chino kana Nyamavhuvhu, kana Mwari . . . kuitira kukohwa. Uye Mwanakomana, wepana Luther, Martin Luther, naWesley, naSankey, Finney, Knox, Calvin, Moody, nevamwe vose, varume vakuru vava kumashure uko vaiva nechiedza ichocho; naJohn Smith wecheki yeBaptisti, naAlexander Campbell, chechi yeCampbellite, nevanongonziwo Vadzidzi vaKristu vava, Chechi yeChikristu, nemamwewo mazita avakadzipa. Varume vose kumashure uko, mumazera avo, vaingopa chadzera chezvazvichange zviri kumagumo kuno.

<sup>177</sup> Uye zvakare pano, vana, pakarepo mushure mevavambi ivavo, vanoitei? Havana kugara pagunde. Vakabva paRiri vakazvigadzirira kachikwande kaduku kunze kuno. Zvinova izvo kuti, ukabva pachitubu chaicho cheHupenyu, hauchina Hupenyu. Ukabvisa chikwande pachinhu ichi, wochidzira

kunze uko muvhu, chinogarapo chowora. Ndizvo zvamuriwo, muchiedza kudya mana yakawora yemumazuva ekare iwayo.

Goho raibva! Jesu ane tafura yakagadzirwa, apo vatsvene vaMwari vanopihwa Chikafu chakaibva chezuva rino, neChiedza cheVhangeri chinobvisa nekuratidza kuti Ari pano nhasi. Amen. Vatsvene vanodya Chingwa.

<sup>178</sup> Chimbofungai. Chikwande chekare chanezuro, munoona, musachiisamo zvakare. Chawora. Hachikwanise, hachikwanise kugara nayo. Kwete, changamire. Hachizombobatsira kana. Hachikure. Chakabva paHupenyu; uye Shoko ndiro Hupenyu. Ndizvozvo. Chikwande chinodonha, twundeavu twudiki twunodonha, nezvimwe zvakadaro. Chinongozviitira sangano uye chodonha. Chinoramba kuenderera mberi neHupenyu.

Asi Chiedza chinoIsimbisa. Oo, ini zvangu! Hongu, changamire.

<sup>179</sup> Chanezuro, oo, ini zvangu, tinofanira kuzviona chaizvo! Munoona, kuti, zvinhu zvakawora zvanezuro, usazvidye nhasi. Maona? Zvine makonye mazviri. Munoziva tuburuwuru tuya twandinodaidza kudaro? Handizive. Ini—ini handizive zvakanyanya nezvehupenyu wehutachiona, asi ndinoziva kuti taigarotudaidza kuti tuburuwuru. Kanopinda mune chero chinhu kana chichinge chati worei. Maona? Handichachida ipapo. Kana uchigutsikana nacho, pfuurira hako mberi, asi kwete ini. Asi rangarira . . .

Unoti, “Zvino sei chainge chakanaka nezuro?”

<sup>180</sup> Dai waiziva chete kuti chikwande chidiki chaiva pagorosi pakutanga, kana chikagara mutsanga, chinowedzera tsanga. Ndicho chinhu chaicho chinoita kuti gorosi ritumbuke, ndeizvo zvaivapo nezuro; asi kana chikazvipatsanura netsanga, uye chorega kukura, zvino chinobva chabva. Maona? Asi kana chikapfuura nemudanho, redanho rinopa hupenyu, pachinofa chinongoenda pakunova chimwe chinhu uye choita tsanga. Kana zvisiri izvo, inobva kupi? Amen. Mazvinzwisisa here?

<sup>181</sup> SaMambokadzi weEngland, pane imwe nguva, akamboenda kukambani huru yemapepa, uye akati angadawo kuona zvigayo zvemapepa. Saka vakamuratidza zvigayo zvemapepa makore mazhinji akapfuura, vasati vave kuagadzira kuita makanyiwa nezvimwe, saka vakawana . . . kugadzira mapepa kubva maari. Saka ivo . . . Zvino, mushure mechinguva, akapinda mune imwe kamuri makanga musina chinhu kunze kwemurwi mukuru wemamvemve ane tsvina, zvino mambokadzi akati, “Izvi zvakabva kupi? Zvii izvi? Oo,” akadaro.

Mu—mu—mukuru wefekitari iyi ndokuti, “Izvi ndizvo—ndeizvo zvatichagadzirisira mapepa kubva mazviri, mamvemve aya ane tsvina.”

Akati, “Ayo, kugadzira mapepa?”

“Hongu.” Saka haana kana kumbozvitenda.

<sup>182</sup> Saka mushure mekunge aenda, murume uyu akatora murwi wemamvemve ane tsvina mamwe chetewo, ndokuapinza mune mamwe matanho ekuti agadzirwe, ndokubuditsa ava bepa rakachena, kuti mburetete, munoziva, rakanga rapfuura nemune rimwe danho uye ranyatsoitwa... Zvino ndokuisa mufananidzo wemusoro wamambokadzi pariri, ndokuritungira kwaari, achioneka mufananidzo wake mune izvi zvaakati “mamvemve ane tsvina.”

<sup>183</sup> Zvino ndizvo zvazviri. Zvinhu zvakafa zvanezuro, mharidzo yaLuther, mharidzo yaWesley, mharidzo yePentekosti, kana ikakwanisa chete kupinda nemumatanho eMweya Mutsvene waMwari neShoko rekusimbisa, ichaunza chadzera chaJesu Kristu, Mambo. Amen. Asi kana ukazvisiya zvakararapo, mamvemve ane tsvina. Maona?

<sup>184</sup> Zvinofanira kuumbwa kuva chimwewo chinhu. Luther anofanira kuumbwa kuva Wesley, uye Wesley anofanira kuumbwa kuva Pentekosti, uye Pentekosti inofanira kuumbwa kuva Kristu. Zvinopfuura nemumatanho. Naizvozvowo Vhangeri rakapinda nemumatanho. Riri mumatanho. Zera raLuther, rekururamiswa, tinozvitenda izvozvo; raWesley, rekuchenewa, tinozvitenda izvozvo; rePentekosti, rekudzoreredzwa kwezvipa, zveMweya Mutsvene, tinozvitenda izvozvo, zvirokwazvo. Asi, zviumbe zvese pamwe chete, unobuda nei? Jesu, ndizvozvo, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Oo! Zvichabuda naJesu.

<sup>185</sup> Kana munhu ari mufekitari achigadzira bhero, ane kamwe kaririro kaanofanira kuisa mariri. Paanenge achigadzira foroma yake uye achidurura simbi yake, anoisa ndarira ine humwe huwandu, simbi yedare ine humwe huwandu, mhangura ine humwe huwandu. Sei? Anoziva chaizvo kuti anoisa huwandu hwakadini, pakugadzira, zvoripa mhando yekaririro chaiko.

Uye ndizvo zvakaitwa naJesu neMwenga waKe. Akatoisa humwe huwandu hwaLuther, humwe huwandu hweMethodisti, nehume huwandu hwePresbyteriani, humwe huwandu hwePentekosti, maari. Asi Anobuda nei? Mufananidzo waKe pachaKe.

Chii ichochi? Sezvakangoita Mharidzo yepiramidhi, munoona, iri kukwira kumusoro chaiko, iyi, kusvika pakuva vashoma, neDombo repamusoro. Shumiro yaJesu Kristu, panyika, inofanira kufanana neshumiro yaAiva nayo, kana kuti haAkwanise kuuya kwairi. Sezvakangoita musoro, kusvika kutsoka. Musoro... Tsoka hadzisi musoro, asi musoro unotakura tsoka, kana kuti unoita kuti tsoka, unodziudza kwekuenda. Mazvibata here? Zvakanaka, ndicho Chiedza chenguva.

<sup>186</sup> Wesley aive Chiedza chikuru. SezvaAkataura kuna Johane Mubhabhatidzi, “Akanga ari Chiedza chikuru chenguva yake.” Chokwadi, akanga ari.

<sup>187</sup> Kwete. Hongu, changamire, mamvemve akachena... Kana kuti, mamvemve ane tsvina anezuro, kana ukaramba wakadaro, zvine...anongove mamvemve ane tsvina nguva dzese. Akashanda chinangwa chawo, sembatya, asi zvino ave mapepa.

Kururamiswa kwakashanda nguva yakwo, mukururamiswa pasi paLuther, zvino kwakazova kucheneswa kubudikidza naWesley. Uye kucheneswa kwakashanda nguva yako, kusvikira kwa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Uye rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwakashanda nguva yarwo; kusvikira Mweya Mutsvene (zvinova izvo kuti, kuna Mwari mumwe chete) wapinda muChechi, uye Chechi muna Kristu, uye zvinoitika kuti Jesu Kristu aratidzwe panyika, zvaAkavimbisa pano muBhaibheri. Ungasazvitenda hako; handikwanise kukuita kuti uzviite. Ndine mungava neShoko chete. Maona? Ndizvozvo.

<sup>188</sup> Saka mazviona here? Muri kuzviona here? Kana mukadaro, zvichange zvakaita semu—murume imwe nguva akamboenda ku...panguva, akaenda kuWales, munguva yerumutsiriro rwechiWelch. Boka revarume rakaendako kubva kuUnited States. Saka vakadzikako, uye vakati vaida kuziva kuti chivakwa chipi chavakaitira rumutsiriro rwechiWelch urwu. Vazhinji venyu munorangarira rumutsiriro rwechiWelch, rumutsiriro rukuru rwakatanga pakati pevanhu ve—vechiWelch muWales. Saka varume ava, vashumiri vakuru-vakuru ava, nevamwe vakadaro, vakabva kuUnited States, ivo vanachiremba vedivinity. Vaida kuenda mhiriko kuti vaone kuti chii chikuru chavakangava vaita, munoziva.

Saka vakanga vachifamba mumugwagwa, uye vakati... vakasangana nemupurisa mudiki amire pakona, achitenderedza tsvimbo yake, munoziva, nokuridza muridzo werwi—rwiyo rwechinamoto, saizvozvo. Vakati, “Zvinoka, ari kungoridza muridzo werwiyo rwechinamoto. Tinogona kuendapo, tonomuona, toona zvaachaita. Zvinoka, tomubvunza mubvunzo.”

Saka vakaenda kumusoro kwaari, ndokuti, “Changamire, rumutsiriro rwechiWelch rwuripi?”

<sup>189</sup> Akabvisa ngowani yake; akati, “Madzichangamire, rumutsiriro rwechiWelch rwuri kuitirwa mukati *umu*,” mumoyo make. Oo, ndizvo chaizvo, aive rumutsiriro rwechiWelch.

O Mwari, kana tichigona chete—chete kunzwisisa kuti tiri chadzera chaJesu Kristu, Shoko raKe richiratidzwa. Uri chadzera cheShoko raKe. Maona?

“Rumutsiriro rwechiWelch rwuri kuitirwa kupi? Rwuri muchivakwa chipi?”

Akati, “Changamire, rwuri mumoyo mangu.” Akanga ari iye rumutsiriro rwechiWelch. Ndizvozvo.

<sup>190</sup> Uye nhasi Chechi inofanira kuva Jesu Kristu ari kushanda panyika. “Nokuti Ndinorarama, nemi munoraramawo zvakare; uye Hupenyu hwaNgu huchava mamuri. Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita.” Maona? Chechi inofanira kusvika panzvimbo iyoyo, zvakare. Uye Akavimbisa kuti ichazviita, uye ichazviita. Inofanira kuuya nenzira iyoyo. Saka, munoono, ndizvo zvinoitika. Isu, tinofanira kuva saizvozvo.

Ndiye Chiedza.

<sup>191</sup> Ndizvo zvaivawo Noa Chiedza muzuva rake. Akanga ari Chiedza. Noa ndiye aiva Chiedza ichocho. Akanga ari Chiedza chokuitei? Chokuita Shoko raMwari, “Ndichaparadza munhu panyika, waNdakasika. Vaka areka, uye vose vanoshuva kupinda mairi vachaponeswa.”

Noa akafamba kunze ikoko, akati, “Pane nzira imwe chete, uye ndiyo areka.”

<sup>192</sup> Vakati, “Mudhara benzi anopengereka.” Akanga ari Shoko rakaratidzwa. Noa akanga ari Chiedza chenguva iyoyo, chokwadi aiva. Zuva rake, zera rake, akabudisa Chiedza.

<sup>193</sup> Mosesi akanga ari Chiedza chenguva yake. “Chokwadi Ndichakushanyira,” Mwari vakataura kuna Abrahamama. “Ndichadzika, uye Ndichabuditsa vanhu vaNgu, neruoko rwune simba, uye Ndicharatidza simba raNgu muEgipita.”

Zvino Mosesi kumusoro uko paakasangana negwenzi raipfuta kumusoro uko, ndokuona kuti NDIRI aive mugwenzi iroro, Mosesi akaenda zasi ikoko, uye akanga ari Chiedza. Amen. Ndosaka aigona kutora huruva, orifuridza oti, “Ngakuuye inda panyika.” Aiva neShoko raMwari. Chii chakaitika? Guruva rakatanga kupfumbuka, inda ndokutanga kuvapo. Hareruya! Sei? Akanga ari kuratidzwa kweChiedza cheShoko raMwari, “Ndicharova Egypt nematenda.” Akanga ari muporofita. Zvaakataura zvakaitika. Akanga ari Chiedza chezuva iroro. Akanga ari Chiedza chaMwari.

<sup>194</sup> Farao anogona kunge aive nezvese zvaaida kuva nazvo, uye nevamwe vese, vapisita vese vaive nezvavaida, asi Mosesi akanga ari Chiedza. Sei? Akanga achiratidza Shoko raMwari, richiratidzwa. Mwari vakavimbisa, “Ndichavabuditsa, pasi peruoko rwune simba, uye Ndichazviwanira mbiri.” Ndizvo zvaVakanga vachiita.

Ndicho chikonzero Mosesi akaratidza kuti aikwanisa kusika. Kwete nokuti aida kusika; nokuti Mwari vakanga vamuudza kuti adaro. “Uye naizvozvo, ‘Enda kuungano, wonoti, “Mangwana...”’ Ishe Mwari vanga vachangobva kutaura neni kuti, ‘Tora chanza chimwe cheguruva uchikandire

mudenga, sezvizvi, zvino wodzidana.’ Hapana kana pano, asi dzichavepo.” Amenii!

Oo, ndinovimba kuti hamuna kurara. Oo! Kuratidzwa!

<sup>195</sup> Akati, “Ndakatumwa. Mwari vakati kumadzibaba edu, zvirokwazvo Vachatishanyira zasi kuno votibuditsa. Ndauya kuzokuratidza kuti nguva yava pedyo. Rasai zvamunazvo. Handeyi!” Hongu.

<sup>196</sup> Vamwe vavo vakati, “Zvinoka, ndinotenda...” Dhatani akati, “Handifunge kuti pane chekumhanyira apa. Hatifanirwe kunge tichinyanya kufarisa nekuda kweizvi.” Uye zvakaita sekunge zvakundika, ka 4 kana ka 5. Asi, zvakangodaro, zvakaenderera mberi.

<sup>197</sup> Vakafunga. Vakabuda ndokuti, “Tichamutema Mosesi uyu nematombo! Mubvisei kwatiri! Hatimude zvedu muboka redu—redu pano.”

Mosesi akangoenderera mberi, zvakadaro, nokuti akanga ari Hupenyu, akanga ari Chiedza chenguva. Chaaiva nacho, chaiva chii? Mwari vachiratidza Shoko raVo revimbiso kubudikidza naMosesi, uye Mosesi akanga ari Chiedza.

<sup>198</sup> Eria akanga ari Chiedza. “Buda kunze uko undogara pachikomo icho! Ndarayira makunguwo kuti akupe zvokudya.” Amenii! Hongu, changamire.

<sup>199</sup> Akadzoka zasi aine ZVANZI NAJEHOVHA. “Hakuna kana dova richadonha kubva Kudenga kusvikira ini ndaridanira.” Amenii! “Zuva rinogona kupenya, munogona kudanira makore ese, uye moita chero chamunoda, asi kunyange dova haringauyi kusvikira ndaridanira kuti rivepo.” Aiva chii? Chiedza! Hareruya! Akanga ari Chiedza. Chiedza! Akanga ari Shoko raMwari richiratidzwa.

<sup>200</sup> Vakafunga kuti aipenga, agere kumusoro ikoko. Aiva navatakuri vaimupa chikafu; uye ava vachiziya nenzara. Vaida kugara mutsika dzavo; endererai mberi. Kwete Mosesi, kana kuti kwete Eria, aigara muChiedza chaimo. Akagara kumusoro ikoko parukova, Keriti, uye achingova hake nenguva yakanaka; achidya chikafu, nemumwe munhu achimuchengeta, nezvose. Vaifunga kuti aipenga, asi akanga ari—akanga ari Chiedza.

<sup>201</sup> Vanoti, “Nhai, ko chii chakazoitika nemuumburuki mutsvene uya wataiva naye muno? Zvinoka, munozivei? Mumwe munhu akanga achivhima rimwe zuva, uye akati vakamuona akagara kumusoro ikoko munzira, kumusoro-soro kwegomo iro uko. Ndinotofunga chete kuti harahwa iyoyo yave kutoparara, panguva ino.” Oo, kwete. Akanga ari Chiedza. Akanga ari Chiedza. Akanga ari Chiedza chaMwari, muzuva rake.

<sup>202</sup> Johane, paakauya panyika, uye akaenda murenje kunotora dzidzo yake kubva kuna Mwari, kwete kuseminari. Aifanira kuzivisa Mesiya. Saka wakati auya, Jesu ndokuti, “Akanga ari



Chiedza chakajeka uye chaipenya.” Hareruya! Sei? Akanga ari Shoko rakaratidzwa.

Isaya akataura kudaro. Ndizvozvo. Ndizvozvo. “Aizotuma inzwi murenje, raidanidzira, richiti, ‘Gadzirai nzira yaShe, ruramisai suwo raKe, ruramisai nzira.’ Aidanidzira, mumwe. . . inzwi rounodanidzira murenje.” Heunoi achiuya. Aiva chii? “Inzwi reuyo anodanidzira murenje.”

Aiva chii? Kuratidzwa kweShoko, Chiedza. Mwari mumwe chete akataura muna Genesi; akataura izvi, uye hechino Chiedza ndokuuya. SezvaAkataura, “Ngakuve nechiedza,” nokuti zuva, zuva rikavapo, saka Akati pachava neinzwi reanodanidzira murenje, herinoyi richiuya. Chakanga chiri Chiedza chenguva.

<sup>203</sup> Akatiwo zvakare, mumazuva ekupedzisira! Ameni! Chiedza chenguva, chinodanidzira murenje reBhabhironi, “Budai mariri, vanhu vaNgu, kuti murege kuwadzana narozvivi zvaro. Musabata chinhu charo chine tsvina! Ibvai pariri! Tizai kutsamwa kuchauya!”

<sup>204</sup> Johane akataura zvimwe chetezvo. “Demo ratoiswa pamudzi wemuti.” Akanga asina dzidzo, akanga asingatombotauri semuparidzi. Akataura pamusoro penyoka, nezvimiti, nemitemo, nezvimwe, zvaakanga ajaira, murenje. Haana kukurira mune zvimwe zvinhu zvikuru, kwazvo, zvakanaka zvavanazvo nhasi, sezvavaiva nazvo muzuva iroro. Akabuda aine mutauro wake iye. Haana kumira akati, “Aa-meni,” uye achiita zvose zvokukotamira zvinoyevedza. Akabuda chaiko kunze, kubva murenje, asina waanosekerera uye akakwasarara. Akati, “Musatanga kufunga kuti, ‘Ndiri weizvi uye ndiri weizvo.’ Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu.”

<sup>205</sup> Usambofunga nekuti uri muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, kuti une kodzero pana Mwari. Mwari vanokwanisa kutora vemashabhini nezvipfeve kubva mumugwagwa, vovaita vana vaMwari kubva mavari. Mumwe munhu achazvinzwa, uye mumwe munhu achazvitenda.

<sup>206</sup> Akati, zvakare, “Demo raiswa pamudzi wemuti. Uye muti wose usingatendi, unotemwa ugokandwa mumoto.” Saka ndiyo yaive mharidzo yake. Akanga ari Chiedza chezuva iroro.

<sup>207</sup> Jesu akati, “Akanga ari Chiedza chakajeka uye chinopenya, uye imi kwenguva duku makashuva kufamba machiri.”

<sup>208</sup> Zvino Johane akati kudini, muporofita? “Amire pakati penyuru iko zvino. Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe. Uye paAnongouya panzvimbo, ini ndinobva ndaenda.” Oo, ini zvangu! Nokuti, Akanga ari Chiedza.

Hakuna Zviedza 2 kana 3, hapana masangano 4 kana 5 akasiyana. Paiva neChiedza 1. Hakuna Methodisti, Baptisti, Lutherani, Presbyteriani. Kristu ndiye Chiedza, uye Chiedza

ndihwo Hupenyu. Uye Shoko raratidzwa ndicho Chiedza chenguva.

<sup>209</sup> “Ngakuve nechiedza, uye kukava nechiedza.” Hongu, changamire. “Ngakuve neChiedza,” zvino kune Chiedza! Akataura kuti kuchava neChiedza muzuva rino, uye pane Chiedza. Ari kuuya. Ndinozvhitenda. Tarisai vimbiso dzenguva ino. Oo, ini zvangu!

<sup>210</sup> Chiedza chese chakambovhenea, mazera ekereke aya, tinoona kuti ano...Cha—change chiri chiono chinisiririsa kuona, kuramba. Zvakazarurwa 3, ndinayo ndakanyora pano, Zvakazarurwa 3, uye ndinoziva zva—zvandanga ndichireva zvino.

<sup>211</sup> Tarisai kuvimbiso yenguva ino, yatiri kurarama mairi; Chiedza chakarambwa. Vakaitei? VakaChiramba kumashure uko. Sei? Vakanga vachirarama muchadzera. Vari kuitei nhasi? Zvimwe chetezvo.

<sup>212</sup> Nhai, uri—uri Mukristu here? “Ndiri muLutherani. Ndiri muBaptisti. Ndiri muPresbyteriani.”

Izvozvo hazvina kana chazvinoreva. Ungatongoti hako uri “hochi, nguruve,” kana chimwewo chinhu chaunoda kuzvidaidza pachako. Maona? Izvozvo, ndizvo chaizvo zvazvinoreva. Zvino ndisinga—ndisingakuzvidzei, asi kana muri kuzvitora kune chikamu chazvo chakakosha, ndizvozvo.

Ndabvunza mubvunzo, “Mukristu?” NdiKristu ari mauri. Uye kana Kristu ari mauri, zvino Shoko riri mauri. Zvino kana Shoko riri mauri, kana Chiedza chichipenya, ko uchafamba uhibuda sei kubva maChiri? Munoono, ndiwo mubvunzo wacho. Ndizvo zviri mukati zvino, Chiedza. Chiedza chemanheru chiri kupenya. Muti weMwenga uri kudombera.

<sup>213</sup> Oo, rangerirai, vakachekerera Muti wakare iwoyo. “Uye zvakasiwa negwatakwata, zvakadyiwa nemuteteni; zvakasiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose.” Zvakasiwa neMethodisti, zvakadyiwa neBaptisti; zvakasiwa neBaptisti, zvakadyiwa Pentekosti. Akati, “Muti uyu waive,” Joere ipapo, “vakachekwa wose kuita chigutsa,” asi aida kuziva kana waizoraramazve. Oo, hongu! Vakachengetedza Muti iwoyo. Vakachengetedza Muti iwoyo, hongu, changamire, nokuti waiva Mwenga waVo.

Uye Vakati, “‘Ndichadzoredza,’ ndizvo zvinotaura Jehovha.” Chii ichochi? “Ndichauunza, zvose zvakadyiwa nemaLutherani, nemaWhisiri, nevamwe vose. Uye Ndichadzoredza, nokuti zvose zvichiri mumudzi weMuti.” Maona?

Zvirere imomo muvhu. Sezvakaita muto wakadzika pasi, sezvandataura pamusoro pehanzvadzi, zviripo ipapo. Uye hwamanda yaMwari icharira, rimwe zuva, uye vasanangurwa

vechiLutherani, maMethodisti, maBaptisti, avo vakanga vasina chokuita nechero sangano zvaro . . .

<sup>214</sup> Luther haana sangano raakamboita. Moody haana sangano raakamboita. Raive boka riya ranaRicky, raimutevera, ndiro rakaita sangano, rakatora chikwande. John Smith haana sangano rakamboita. Hapana kana mumwe wavo akaita sangano; chaiva Chiedza chenguva. Luther, Wesley, hapana kana mumwe vavo; rakanga riri boka riya mushure, rakazouya, rakaita sangano.

<sup>215</sup> Mweya Mutsvene hauna sangano rawakamboita muPentekosti. Pentekosti chiitiko, kwete sangano. Hauna sangano rawakamboita. Oo, kwete. Asi munhu anozviti mupentekosti, akariita sangano. Ndicho chikwande uko, chiri kufa. Panzvimbo yekuzvidhinda pabepa, nokuita kuti mufananidzo uzere waJesu Kristu uoneke; kwete, vakazvibuditsa kunze, saka hapana zvavanoita maIri. Ingovasiyai vakadaro.

<sup>216</sup> Asi tinoona zvino, Chiedza ichi, Muti uyu, Kristu, akarambwa zvakare nechechi. Sei? Nechikonzero chimwe chete chavakazviita pakutanga, zvadzera zvenhema zvezviedza zvemamwe mazuva. Uye “Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” VaHebheru 13:8 inoti ndizvo zvaAri. Ndiye mumwe chete nhasi sezvaAiva kareko, nokuti Anoita zvimwe chete zvaAkaita. Shoko rimwe chete, iro Kristu . . .

<sup>217</sup> Teererai, ndinoda kungokutorai zvino, uye izvi ngazvive zvine chekuita newe. Handizive, ndinongova zvishoma . . . -ndafunga kuti ndoidzima zvino here kana kuti kwete, munoona, yetepi iyoyo. Ndichangoisiya iri ipapo. Maona?

<sup>218</sup> Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Tarisai, tarisai izvi. Munoona, “Ndiye mumwe chete zuro, nokusingaperi.” Tarisai. Mabasa aKe, aAkaita, anozviratidza ega. Zvino nyatsoteererai. PaAkamira ipapo, muna Johane 14:12, Akati, “Mabasa aNdinoita muchaaaitawo. Makuru kune aya muchaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Zvino, Akazvita. “Matanga nenyika zvichapfuura, asi Shoko iroro harimbokundikani.” Zvino kana tave pamagumo ekupedzisira ezera, ndepapiko iwo “mabasa makuru” paachauya? Maona? Tiri pano. Hatina . . .

<sup>219</sup> Teererai, kana karenda yeRoma iri raiti, tine -6 . . . tararirwa nemakore 36. Makore 2,000 oga-oga, nyika inosangana nemagumo ayo. Makore 2,000 ekutanga, yakaparadzwa nemvura; makore 2,000 echipiri, Kristu akauya. Iyi i1964 iri kuuya; makore 36. Zvino, karenda yekuEgypt yekuongorora zvemuchadenga inoti takapotsa nemakore 17, “makore 17 ari pamberi kubva ipapo,” panobva pasara makore 19.

Jesu akati, “Basa richadimburwa, nokuda kweVasanangurwa, kana kuti hapazovi nenyama ingaponeswa.” Tave papi?

220 “Mabasa aNdinoita muchaaitawo. Mhando imwe chete, asi makuru, muchaaita.” Zvino tarisai. Nyatsoteerera. Endai pane yenyu. . .Ndinonamata kuti Mwari vavhure mwoyo wako nepfungwa dzako, kuti unzwisise, kuti unzwisise usingataure kuti zvanyanyisa apa. Cherechedzai. Akati rimwe zuva. . .

Ngationei mamwe emabasa “makuru” aAkaita. Ngatimbomirai kuitira zvinhu zvishoma chete. Ngatifungei.

Imwe nguva, Akati, “Vapei zvekudya.”

Vakati, “Isu hatina kana chinhu.”

Akati, “Chii chamuinacho? Ndiunzirei zvamunazvo.”

Ivo ndokuti, “Tine zvingwa 5 zvebhari nehove 2.”

Akati, “Huyai nazvo kwaNdiri.”

221 Zvino Akatora zvingwa 5 zvebhari ndokutanga kumedura zvingwa izvi. Uye, kubva pane chekutanga ichocho, Akagadzira chingwa. Chakadyiwa ne 5,000. Ndizvo here? Zvino Akati, uye Akatora imwe hove, “Nditambidzei hove yacho.” Yakanga iri hove, pakutanga kwacho. Uye Akabvisa, kubva pahove iyoyo, imwe hove neimwe hove, ndokudyisa 5,000. Ndizvo here?

Asi mumazuva ekupedzisira Akanga asina chinhu. Akangotaura, ndokuti, “Taura ichavapo,” uye ikavapo, pasina chimwe chinhu imomo. Akanga asina tsindi; kwakanga kusina ikoko. Akangoti, “Ngakuvepo,” uye kukavapo. Maona? Oo, Shoko raKe harikundike, uye Rinofanira kuzadziwa.

222 Ndaigona kukuudzai zvinhu zvaizokuvhundutsai. Maona? Chiripo kana iYe ati chiripo. Regai iYe azvitaure. Munoono, chaizvoizvo.

223 Munoono, Mabvazuva, Madokero pano adzoka uye asangana neMabvazuva. Aive Mosesi, akatonhonga jecha, ndokuti, “Ngakuve neinda,” nezvimwe zvakadaro, “panyika.” Asi muzuva rino rukupedzisira haAtore kana chinhu; munoono, rinongova Shoko chete. “Ngadzivepo,” uye dzikavapo. Zvinotaurwa izvozvo, ndizvo zvinovapo.

Ndinoda kupupura pamusoro pezvimwe zvezvinhu izvozvo manheru ano, munoono, munoono, zvezvakaitika, kuti muone kuti Achiri Mwari. Mashoko aKe haagoni. . .

“Mabasa aya aNdinoita muchaaitawo zvakare, uye makuru kune aya muchaaita. Ndakatora hove kuita hove; hautombodi kunge uine hove yacho.” Maona? Achiri Mwari, achiri Mwanakomana mumwe chete. Mwanakomana waMwari mumwe chete akatora hove kubva pahove, ndiye Mwanakomana waMwari mumwe chete nhasi. “Mabasa aya aNdinoita imi muchaaitawo. Kunyange makuru kupinda aya muchaaita.” Achakudziridzwa, “Makuru kune aya muchaaita.” Uye vanhu vanoramba kuzviona. Huh! “Mabasa makuru!”

224 Chiedza chenhema. Munoziva, ndanga ndichingofunga nezve chimwe chinhu. Ndakanga ndichitaura zvakawanda pamusoro peEngland, asi ndanga ndichifunga nezvechiedza chenhema. Kuno nguva shoma yakapfuura, imi mose munorangarira hugororo hukurusa uhwo—uhwo England yakambova nahwo, hwakaitwa. Kwakanga kuri kubiwa kwemadhora 7 miriyoni. Handifunge kuti pasi pano pane chinhu chingaenzaniswa nazvo. Kubiwa kukuru, nguva pfupi yadarika, kwemadhora 7 miriyoni, kunyangwe Scotland Yards haisi kugona kuzvinzwisisa.

Munoziva kuti vakazviita sei? Nechiedza chenhema. Vakaisa chiedza panjanji, seyambiro, chichiuya zasi kusvikira rava robhoti dzvuku, ndokuvamisa. Zvino ipapo kubiwa kwakaitika, panzvimbo yacho chaiyo. Chiedza chenhema chakapa hugororo hukurusa kwakambozivikanwa nenyika. Chakabira nyika zhinji. Pakubiwa kukurusa, hugororo hukuru, hwakaitwa nechiedza chenhema.

225 Uye hugororo hukurusa hwati hwamboitwa pachechi yaMwari ndicho chiedza chenhema, chadzera, sangano ravo rechechi. Chakavabira kubva pasimba reMweya Mutsvene. Chakabvisa tambo yacho chaiyo yeHupenyu kubva muchechi. Chakavabira Shoko, pavakagamuchira chitendwa panzvimbo yeShoko. Chakavabira.

O, vanozviti vane Shoko. Shoko rinoZviraramira muzera racho; Rinozvizivisa pachaRo. Vanoti vaive neShoko, zvakare, kumashure uko mumazuva aJesu. Asi Rakati, “Vakaona Chiedza chikuru,” uye vakaChiramba. VakaChiona, asi vakaChiramba.

226 Oo, chiedza chenhema, hongu, chakarozva chechi nehugororo hukurusa hwayakambova nahwo. Zvitendwa zvakatonhora zveasangano, hama, hazviibvise Shoko rakasimbiswa, tsanga. Bhaibheri rakati, Jesu akati, “Shoko raMwari i—iMbeu yakakushwa nomukushi.” Maona? Uye zvitendwa zvinotonhora hazviibvise Shoko iroro. Kwete, kwete!

Mazuva edutu rechando haabvise gorosi. Kwete, zvirokwazvo! Zvintora kudziya kwechiedza chezuva, nokuti rakanga riri Shoko raMwari rakataurwa kuita chinhu chakadaro naro.

Uye zvinotorera Shoko rakataurwa raMwari, nhasi, kuratidza vatsvene vaMwari kuti Jesu Kristu anorarama. Zvimwe chete sezvaAiva nezuro, ndizvo zvaAri nhasi. Zvitendwa nemasangano hazvimbozviita. Vakatonhora uye vasina hanya, zvino tsanga ichaora muvhu. Haikwanise kubuda iri pasi paizvo.

227 Ndicho chikonzero, nhasi, tiine zvatinoita. SeHama yedu yakakosha Billy Graham, mumutsiridzi mukuru. Ndinofunga kuti Mwari vari kushandisa murume iyeye. Asi tarisai zvaanoita;

anoenda kunze uko pakati pemaBaptisti nemaPresbyteriani iwayo. Unoita sei? Unongowana boka revanongojoinha chechi.

<sup>228</sup> Onai apo veSouthern Baptisti zasi uko vari kuganza nekuti vakava nemasangano mazhinjisa, kana kuti, sangano ravo rakakura kudarika mamwe maProtestanti? MaKatorike akavatora vose, potse, gore rakapera. Makazviona here mupepa? Zvechokwadi vakadaro. Musanetseke, ichavatora vose, nekuti inotora maBaptisti nevamwe vose, pamwe chete. Uye ivo vese ndevamwe, asi havazvize.

Kanzuru yechechi, Mubatanidzwa weMachechi, novaisa vose sechinhu chimwe chete. Sangano rakaiswa. . . Sei, sei uchida kugara *uku* kana *uku*? Chero bedzi muchiramba *iRi*, zvinoita mutsauko wei? Hamusi kushandisa here zvikwangwani zveasangano zvimwe chete, zvakangofanana nezvamuri pane imwe nzvimbo? Mumwe, chikara; uye mumwe wacho, munembo. Saka, hezvoka izvo, saka hapangorina mutsauko wazvinoita.

<sup>229</sup> Ndipo paanga ari. Akadhinda chisimbiso chake chokutendera, uye ipapo munobva machitora. Uye ipapo yakatungamira vese, yakananga chaiko kuWhite House, uye nekuWashington, DC, uye—uye Mubatanidzwa weMachechi, zvino hezvoka izvo. Vafundisi vakavadzorerera ikoko chaiko, chaizvoizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti vaizoita.

Ini zvangu, ndinoshuva kuti dai wachi iyo isina kumhanya kudaro!

<sup>230</sup> Zvino, chimbofungai zvino patiri. Tarisai vimbiso dzezuya, dzakarambwa zvakare. Zvaitwa nemachechi muzuva rino rokupedzisira, chadzera chesangano!

<sup>231</sup> Kugara muchadzera chenhema ndicho chikonzero Risingazoibva. Ndicho chikonzero chekuti, Shoko iri, hamuone minana.

<sup>232</sup> Mumwe muprisita akandibvunzurudza, nguva shoma yapfuura, akati, “VaBranham,” akati, “munobhabhatidza sei?” Mu—mumwe musikana akabuda muchechi ino; uye akanga adzokera shure ndokuroorwa nemukomana muKatorike, ndokupinda muchechi yeKatorike. Zvino akanga oenda naye muchechi iyi.

<sup>233</sup> Ndakati, “Ndakamubhabhatidza murubhabhatidzo rweChikristu.”

Akati, “Bhishopi vanoda kuziva.”

Ndikati, “Zvakanaka, hezvoka izvo.”

Akati, “Munopika here kwazviri?”

<sup>234</sup> Ndikati, “Ini handipike zvachose.” Iye ndokuti. . . “Hongu,” ndikati, “kana asingakwanisi kutora shoko rangu pamusoro pazvo, saka, ndizvozvo. Nokuti, ini handipike. Bhaibheri rakati, ‘Musapika nematenga; ndicho Chigaro chehumambo chaMwari;

nyika ndiyo chitsiko chetsoka dzaVo. Hongu yako ngaive “hongu,” uye kwete ive, “kwete.”” Ndakati, “Anofanira kutora shoko rangu pazviri.”

Akati, “Zvakanaka, imi—imi mati ‘Rubhabhatidzo rweChikristu,’ munorevei, neku—nekunyudza mumvura?”

<sup>235</sup> Ndikati, “Ndiwo maitirwo oga erubhabhatidzo rweChikristu.” Ndikati, “Ndakamubhabhatidza murwizi rweOhio; ndikamuisa pasi pemvura, muZita raJesu Kristu, ndokumuburitsa. Ndakamubhabhatidza mu ‘Zita raIshe Jesu Kristu,’ rwunova rubhabhatidzo rweChikristu bedzi rwuripo.”

Akati, “Hongu, changamire.” Akazvinyora pasi sekudaro. Zvino akati, “Zvinoshamisa!” Akati, “Munoziva, chechi yeKatorike yaimbobhabhatidza nenzira iyoyo.”

Ndikati, “Riinh?”

Zvino akati. Akaenderera mberi, uye hurukuro ikaenderera mberi kwechinguva. Uye akati, “Zvinoka, isu ndisu maKatorike epakutanga.”

<sup>236</sup> Ndichiziva hangu, pakanga paine ipapo ma—mabhuku, munoziva, nenhorondo parwuri, ndikati, “Ichokwadi, asi,” ndakati, “sei musingazviite nhasi?”

Akati, “Tine simba rekuregerera zvivi.” Akati, “Jesu, haAna here kuudza vadzidzi vaKe, ‘Avo vamunoregerera zvivi zvavo, kwavari vazviregererwa; uye vamusina kuregerera zvivi zvavo, kwavari havana kuzviregererwa?’”

Ndakati, “Hongu, changamire. Akadaro.”

Akati, “Zvino izvozvo hazvipe kereke simba here? Petro ndiye aive musoro wekereke.”

<sup>237</sup> Ndakati, “Ndokunge kana kereke ikaregerera zvivi sezvakaikwa naPetro.” Ndakati, “Zvino, pavakabvunza, ‘Tinofanira kuita sei kuti tiponeswe?’ Akati, ‘Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu.’” Ndakati, “Mukaita izvozvo, ndinowirirana nemi.”

“Oo,” akati, “muri kuedza kuzviisa kuBhaibheri.”

Ndakati, “Ndiri Shoko.”

Akati, “Mwari vari mukereke yaVo.”

Ndakati, “Mwari vari muShoko raVo. ‘Munhu wese, mashoko evamwe vanhu, inhema; aVo ndiwo Chokwadi.’” Maona?

<sup>238</sup> Saka hapana nzira yaaigona kuona. Asi ikoko—ikoko ndiko kwavanoenda, murima chaimo. Uye maProtestanti, nezviuru, vachiwira mazviri. Hevano i ava, kusvika pakutora zvitendwa zvavo nezvimwe, vachinopinda mukati chaimo. Shoko richibuda, richizvisimbisa, Jesu Kristu achiZviratidza, “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Muchadzera ichocho

chezvitendwa, vanofamba vachienda kunze chaiko vachipinda murima. Sezvakangoita munguva yaNoa, sezvakangoita munguva dzose, vanozviita zvakare nhasi, kunze chaiko murima! Sei? Vanoramba Chiedza nokuti chitendwa chakavapofomadza.

<sup>239</sup> Oo, inguva yerima yakadini yatiri mairi zvino! Uh-huh! Hongu, vanoramba Chiedza Chekusingaperi chechokwadi chaKristu, uye ndizvo zvinozviita.

<sup>240</sup> Masangano anotonhora haakwanisi kuunza Hupenyu kuShoko raMwari, nokuti zvinounza hupenyu kusangano ravo. Tine vakawanda vanozviti Makristu izvozvi... Tarisai pano, kana Mukristu... .

Ndakabvunza muprista uyu izvi: “Kana iyo... Ndichawirirana nemi kuti chechi yeKatorike yaive, pakutanga, paPentekosti, kwete kuNicaea, Rome.” Chechi haina kumbobvira yakatangira paNicaea, Rome, Yakatangira paPentekosti, munoono, paJerusarema ndipo pakatangira Chechi.

<sup>241</sup> Asi ndakati, “Apa, ndichabvuma kuti vanhu ava, nhapwa idzodzo, nezvimwe, vane Mweya Mutsvene, ivo... vanatenzi vakaona masimba avo, nezvinhu, zvavaiita, vachimutsa vakafa, vachitaura nendimi, vachidzinga madhimoni, nokufanotaura zvinhu, uye vaporofita pakati pavo, nezvimwe zvakadaro, vakabuda vakapfeka matehwe emakwai, vachidya miriwo, vakauya kuKanzuru iyoyo yeNicaea, nezvimwe zvakadaro, aa, varume vakuru, zvino ipapo ndipo pavakabuda ipapo, ndokuuya kumusoro ikoko kuKanzuru iya yeNicaea, vakamiririra Shoko iroro.

“Asi, mazuva 15 iwayo ekudeuka kweropa, vakabvumira, ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,’ sechitendwa, panzvimbo yeDzidziso yeBhaibheri, ‘muZita raJesu Kristu,’ kubudikidza naizvozvo makauya machechi ose echiProtestanti, akaberekerwa mazviri, zvimwe chetezvo, zvimwe zvinhu zvose izvi, pfungwa yenhema yeMweya Mutsvene, vakatora, vanotora chirairo, vonwa waini, ‘Ndiyo ukaristi tsvene, inoreva kuti, ‘Mweya Mutsvene,’ muprista anoipa kwauri.”

<sup>242</sup> Zvino, Bhaibheri haritauri kuti, “Zuva rePentekosti rakati rasvika zvizere, ndokuuya muprisita achikwidza nemugwagwa, kora yakapinduka, ndokuti, ‘Buditsa rurimi rwako utore ukaristi tsvene.’” Kwete, haRina kuti, “Imi mose imi vanhu mhanyirai kuno mondichingamidza muruwadzano, imi maBaptisti, maMethodisti, nemaBaptisti, ndichaisa zita renyu. Unzai tsamba kubva kune imwe nzvimbo.”

<sup>243</sup> Akati, “Vose vakanga vari panzvimbo imwe, vari muhumwe. Zvino pakarepo kwakauya ruzha kubva Kudenga semhepo inovhuvhuta nesimba, uye yakazadza imba yose mavakanga vagere. Vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, ndokutanga kutaura nedzimwe ndimi, Mweya uchivapa zvekutaura.



Zvino ipapo...” Vakabuda vachipinda mumugwagwa, vachidzedzereka sezvidhakwa, Maria nevamwe vose, vari pasi pesimba reMweya Mutsvene.

Handiti, vanhu vakati, vakavaseka, ndokuti, “Varume ava vakadhakwa newaini itsva.” Vaiva chii? Vakapofomadzwa nechitendwa.

<sup>244</sup> Muparidzi iyeye akazvidzika akamira ipapo, ainzi Petro, zvino ndokuti, “Imi varume veJudhea nemi munogara... Imi varume vemuJerusarema, uye vanogara muJudhea, ngazvizivikanwe kwamuri, uye mutererere mashoko angu. Ava havana kudhakwa. Asi regai ndikuudzei zvinotaurwa neGwaro zvazvichaita. Ichi ndicho Chiedza. Iri iShoko riri kuratidzwa.” Amen.

Chinhu chimwe chetecho chinoitika nhasi, uye vanoita sezvavakaita kareko, vakabva vachienda vachizunguza misoro yavo. Ndokuti, “Varegei vakadaro; bofu rikatungamirira bofu, vose vanowira mugomba.”

<sup>245</sup> Oo, zvinotora Kristu, Hupenyu Husingaperi, kuunza Shoko reHupenyu pakusimbiswa, kuitwa nyama. Oo, ini zvangu, nhai vedu! Zvinotora Shoko...zvinotora Mweya Mutsvene kushandisa Shoko raMwari.

<sup>246</sup> Jesu paakati, “Endai munyika yose, munoparidza Evhangeri kuzvisikwa zvose.” Zvino tarisai, Marko 16, rairo yaKe yekupedzisira. “Pasi rose, pasi rose,” haisati yatombosvikako nazvino, munoona. “Pasi rose, uye muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose. Uyo anotenda,” munyika yose, “uye akabhabhatidzwa achaponeswa; uyo asingatendi achatongwa. Zvino zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

“Vachakwazisana maoko nemupari-...”? Kwete. “Vanozongova nhengo yechechi yakanaka”? Kwete.

“MuZita raNgu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; vachabata nyoka; kana, kunwa zvinouraya, hazvingavakuvadzi; kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.” Oo, ini zvangu!

<sup>247</sup> Kusvika kupi? “Zvisikwa zvose.” Vangani? “Pasi rose,” kusvikira Auya zvakare. “Zviratidzo izvi zvicha...” “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo zvakare. Kunyange makuru kune aya achaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

<sup>248</sup> Oo, tinofamba sei tichibva paZviri ndizvo zvoga zvandingataura! Tava murima rakawanda kudarika ravaive mariri. Zvino ndine dzimwezve ndima shoma pano, saka ndinoda kusvika kumagumo nekukurumidza kwandino-... Tiri murima rakawanda kudarika ravaiva mariri.

Ndinoziva kuti ndinokunetesai pano, kweinenge awa nehafu. [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Asi, munoona, tepi iyi iri kupfuurira mberi mukati umo. Maona? Maona?

<sup>249</sup> Vari murima rinopfuura ratiri. Ndakaita chirevo, ichocho. Sei? Machechi, muchadzera ichi, ari kunyengera, chinoita sekunge iChokwadi. Zvino, Jesu haana kutaura here? Ngationei Mateo 24, munoona. Mateo 24, Jesu akati, “Mumazuva ekupedzisira, mweya 2 iyi inenge iri pedyo napedyo zvikurusa zvekuti zvaizonyengera Vasanganurwa chaivo dai zvaigoneka.” Pachange paine boka rakasanangurwa richauya kuzoumba Chechi, mumazuva ekupedzisira. Uye masangano aya, nezvanodaizda kuti Chokwadi chavo, zvaizove zviri pedyo kwazvo seChinhu chaicho chechokwadi, zvekuti zvaizonyengera Vasanganurwa chaivo, kunyangwe maPentekosti.

<sup>250</sup> Zvino, unoziva kuti hausi kuzotora muPentekosti womunyengera neimwe dzidziso yeMethodisti kana yeBaptisti. Hasi kuzomuudza izvozvo. Anoziva zviri nani. Hasi kuzonyengera mumwe muBaptisti nedzidziso yechiLutherani, futi. Maona?

Uye hausi kuzogamuchira Mhari-...kuzonyengera Mharidzo, zvino muShoko rino, neimwewo dzidziso yePentekosti, yenhema kuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” nezvinhu zvese izvi zvakadaro, uye kumashure uko mune zvitendwa zvanazvo muhurongwa hwesangano iroro. Kwete, zvirokwazvo. Haumbofa wakavanyengera, nekuti Vasanganurwa havazonyengerwi.

<sup>251</sup> Chii ichocho? Chii ichocho? Kunyengera. Zvadzera izvi, zviri kuitei? Zviri kutungamirira chechi pakuuraiwa nekanzuru, nehadzera chavo. Ndiko kuchava kuuraya kwekupedzisira, apo iyo neRome zvabatana. Pavanogadzira mufananidzo iwoyo wechikara, ndiko kuuraya kwekupedzisira. Uye zvadzera izvi zvamuinazvo zvino, tarisai zvazviri kuita, zvichitungamirira vanhu. Imbudzi.

<sup>252</sup> Mbudzi inogara ichitungamirira makwai kunourayiwa. Makazviona izvozvo munzvimbo dzekuuraira. Mbudzi iyoyo ichamhanya kumusoro ikoko yotungamirira makwai, zvino inobva yasvetuka ichiregedza makwai kuti apinde. Ndizvo zvainoita. Inogara ichidaro.

Dzaive mbudzi dzakitungamirira Jesu, Gwayana, kunourayiwa. Mbudzi dzeRoma! Ndizvozvo.

I—imbudzi dzemasangano nhasi dziri kutungamirira makwai asina mhosva kunouraiwa. Kuzviisa ivo, mazita avo pamabhuku ari uko, zvino vatoparara. Ndiwo munembo wechikara. MuZita raShe, ndinotaura. Ndakamira kuzvireva izvozvo kwenguva yakareba. Ichokwadi. Ndizvo chaizvo. Chikara chii? Chikara chii? Hutungamiri hweRoma, sangano

rekutanga. Munembo wacho chii? Zvimwe chete, chaizvo, zvimwe chete chaizvo sezvazvaiva. Kuurairwa, kuchadzera!

<sup>253</sup> Asi pamberi perima riripo zvino, zvakadaro takaona Chiedza chaMwari chichipenya nemo. Tinotenda zvikuru nokuda kwazvo!

<sup>254</sup> Nyatsoteererai. Takaona Chiedza, Shoko raKe raAkavimbisa muzuva rino, richiratidzwa nokusimbiswa. IChokwadi, Chiedza chenguva. Oo, ini zvangu! Ndinofara zvikuru. Hapana chakatsveyama. Hapana kana.

<sup>255</sup> Kuno nguva pfupi yapfuura mumwe mushumiri aitura kuti akanga ari zasi kuFlorida, uye aive nemo—motokari, ndinotenda kuti yakanga iri Chevrolet, zvino mota yacho yakamufira. Haana kukwanisa kuigadzirisa. Zvino akapinda mugaraji, zvino mumwe makanika mudiki aienda pasi payo nepamusoro payo, uye achingoigogodza-gogodza; haana kukwanisa kuigadzira. Zvino iye—iye aiedza *izvi*, uye zvaisashanda. Uye aizoedza chimwezve chinhu; zvaisashanda. Akaisa jenareta, akaisa *ichi*, akaisa mapuragi, akaisa mapoinzi; haana kukwanisa kuiita kuti imuke. Haana kutongogona kuiita kuti imuke.

Pakupedzisira, mumwe murume akanga akapfeka zvakanaka akafamba ndokuuyapo. Akati, “Ndingakupawo zano here?”

<sup>256</sup> Makanika mudiki aive nenjere dzakakwana dzekuti ati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Iwe tora *ichi*, uye *neichi neichi*, uye,” akati, “batanidza izvo pamwe chete wobva waiedza.” Zvino akatora *izvi* uye *neizvo*, ndokuzvibanidza, iyo ndokumuka.

<sup>257</sup> Makanika mudiki akacheuka, ndokuti, “Nhai, ndimi ani?” Akanga ari injiniya, injiniya mukuru weGeneral Motors. Akagadzira mota yacho. Ndiye wacho akaigadzira.

<sup>258</sup> Uye, nhasi, kana tichitaura pamusoro peMethodisti, Baptisti, nePresbyteriani, Makanika Mukuru ari pano, Mugadziri weShoko raKe, Munhu Akasika matenga nenyika, uye akagadzira Chechi yaKe! Anoziva zvakanaka here pamusoro pezvazvinotora Kubvutwa, kana kuti chechi yeMethodisti kana yeBaptisti ndiyo inoziva zvakanaka pamusoro pezvazvinotora? Ndiye Mugadziri. Anoziva zvazvinotora. Akashongedzwa zvakanaka muSimba rerumuko rwaKe. Hareruya! Ari kufamba pakati pedu, nhasi, muSimba rerumuko rwaKe.

Anoziva zvazvinotora kuisa Chechi muhurongwa hweKubvutwa. AkaIgadzira, ndokuisa zvikamu zvacho pamwe chete pano muBhaibheri. Amen! Ingorega Simba racho riyerere nemaIri, zvino woIona ichishanda. Rega kutenda, muShoko raKe rakavimbiswa ranhasi, riyerere nemo, uchaona kuti Rinoshandana sei. Sei? Ndiye akagadzira chinhu chacho. Akagadzira Chechi yaKe neShoko. Ndizvo zvaAkasanganisa

pamwe chete. Kwete neMethodisti, kana Baptisti, kana Presbyteriani, kana sangano rePentekosti; asi neShoko raKe. “Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo maMwari.” Hongu, changamire.

<sup>259</sup> Budai muzvadzera izvozvo, mukati merima, nguva ino ine rima yatiri kurarama mairi zvino. (Ndangosarirwa nemamwezve maminitsi angangoita 5.) Mukati merima, ndiani achabuditsa Mwenga mudiki uyu? Ndiani anoziva nezvazvo? Mugadziri Mukuru. Oo, hongu. Kubva munyonganiso yese iyi yechadzera!

Apa, maMethodisti vachipenya neimwe nzira, veBaptisti neimwewo, nePresbyteriani neimwewo, uye maPentekosti neimwewo, zvose izvi zviri kupenya kwese-kwese. Vanomhanya, voisa zita ravo neche *kuno*, muchadzera ichi; vosvika pakuzoziva, chimwe chinhu ikoko. Uye vouya neche *kuno*; uye nechimwe chinhu uko. Vouya neche *kuno* . . .

<sup>260</sup> Sezvandakataura kumuprista uya, “Kana imi mose muri imi chechi yepamavambo, zvino mukatevera dzidziso yevarume ava vakaungana paNicaea, sei musina simba ravaiva naro kare ikoko kumavambo zvino? Sei musingaite zvinhu zvakaita, zvakataurwa naJesu?”

Akati, “Oo, isu tave vanhu vakawanda zvino. Isu, tinorarama muzera rakasiyana.”

<sup>261</sup> Ndikati, “Asi Shoko harishanduke. Iye akati, ‘Zviratidzo izvi zvichavatevera kusvikira kumazera ose. Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizombopfuuri.’ Ndizvozvo.”

Iye ndokuti, “Asika, muri kutaura nezveBhaibheri.”

<sup>262</sup> Ini ndikati, “Hongu, Shoko, rinova iro Kristu.” Ndizvozvo. Uye saka hezvoka izvo. Maona?

<sup>263</sup> Uye muchadzera ichi, maMethodisti achiratidza chavo, maBaptisti achiratidza chavo, maPresbyteriani chavo, mumwe nemumwe achikura nekukura, nguva dzose.

Mwenga mudiki unonzwisa urombo, Uri papi? Wakamhanyira neche uku kuPentecostal Oneness, kwechinguva; Ukaisa zita raWo ipapo, uye Ukati, zvino. . . Wosvika pakuzoziva, uchitarisa zvavanoita. Vanouya kuno, zvino, “Iwe unofanira kuva wedu. Kana usiri wechechi yedu, hausi kana muMwenga. Hauli kana chinhu.” Woenda uku kuAssemblies, zvino woona zvavanazvo; hezvoka izvo zvakare. Woenda zasi kumaBaptisti, woona zvavainazvo. Wotarisa kuPresb- . . .

<sup>264</sup> Chii chichaitika kune Chinhu chidiki ichi chinonzwisa urombo? Maona? Asi Uri kuuya zvawo. Musanetseka. Uchange uripo.

<sup>265</sup> Mumwe muchinda ainge achiti, pano anenge makore mashoma apfuura. Akanga ari zasi kuNew Mexico. Ndakaita musangano ikoko pedyo neCarlsbad Caverns. Makanzwa nezvawo zasi ikoko, makuru. . . Zvino vakatora murume

nemudzimai wake, neboka revana, vakaenda parifiti iyi, ndokudzika kusvika kuzasi chaiko kwegomba. Zvino pavakasvika zasi ikoko, vakadzima zviedza zvose. Zvino pavakadzima zviedza zvose, kwaiva nerima rakasviba kuti ndoo.

Ndakavaita kuti vazviite kuno mumabindu aya, uye pane imwe nguva kuColorado uko, mudzimai neni, kumashure uko, taivamo. Vakabva vabatidza zviedza izvozvo. Ini zvangu, ukaisa ruoko rwako sezvizi, hapana chawaikwanisa kuona.

Zvino paiva nemusikana mudiki akamira ipapo, zvino akatanga kuzhamba, “Oo!” Achizhamba. Iye, akatya zvikurusa, kwaiva nerima gurusu. Kanhu kaduku kanonzwisa urombo kachingobata kwese-kwese, uye kachiedza kuzhamba nekudaidzira kuna baba vako, amai, kwese-kwese. Kakatamba kuwirirana naro, rainge riri rima guru. Hakana kumbobvira kakaona rima rakadaro.

<sup>266</sup> Uye ndizvo zvazviri zvino. Ndizvozvo. Kune rima guru zvekuti hautozive kwekuenda. Unoenda kuMethodisti, woenda kuBaptisti, woenda kuPresbyteriani, zvose zvakananana, munoono, vachidya mana iya yakafa, yakaora ine maburuwuru mairi. Munoono, chinhu chimwe chete, chimwewo chitendwa, “Pinda ujoine *izvi*, nezvimwe, *izvo*,” chitendwa chekare nezvose. Hauoni Kristu mazviri. Maona? Oo, unoono vanhu vanozviti vakarurama, ndingadaro. Vazhinji vanhu vakanaka imomo zvino, mumasangano iwayo. Ndiri kuti hurongwa hwacho, kwete vanhu vari imomo. Asi, munoono, ndizvo zvavari kudya pazviri. Vaudzei nezvazvo!

Zvino *Hechika* ichi Chikafu chichangoburwa!

<sup>267</sup> Zvino kasikana kadiki aka kakamirapo, kaizhamba, nenzwi repamusoro, kotoda kubatwa nemamhepo; kuda sezvakangoita Mwenga mudiki. Asi munozivei? Hanzvadzi yako diki yakadanidzira, ikati, “Hanzvadzi duku, usatya.” Nokuti, akanga akamira pedyo chaipo nainjiniya. Akati, “Pane murume pano anogona kubatidza zviedza.”

Usatya, Hanzvadzi duku, pane Murume pano Anokwanisa kubatidza Chiedza. Anogona kuita kuti Shoko iri rirarame. Hatizivi kuti Ari kuuya sei. Hatizivi kuti sei, pacho paAri kuuya. Hapana chandinoziva nezvazvo. Asi Ari pano, uye Anokwanisa kubatidza Zviedza. Tichabuda sei mazviri? Handizive. Asi Ari pano, uye ndiYe Wacho anogona kubatidza Zviedza. Hongu, changamire. Ndiye Wacho. Ndiye Chiedza. Anongozvizivisa pachaKe, ndiko kubatidza kwaAnoita Chiedza. Ndizvozvo chaizvo.

Zvinotoro Kristu, kuti avhenekere paZviedza zvaKe, zvino rima rose rinomwararika. Anopatsanura. Ari kudhonza Mwenga waKe mudiki kuti ubude. “Ndichatora vanhu kubva kuMarudzi, nekuda kweZita raNgu, vachava neZita raNgu.” Zita raKe

ndiani? Zvakanaka. Kwete Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani. NdiJesu Kristu. Ndizvozvo.

<sup>268</sup> Ndiye Chiedza, Chokwadi; Chiedza, uye maAri hamuna rima. Uye Anomwararidza rima paAnopinda, nokuti iYe iShoko. Shoko ndiro Chiedza. Ndizvozvo. Nokuti, Akataura akati, “Ngakuve nechiedza,” ndiro Shoko rakazova chiedza. PaAnotaura *iRi*, Chiedza chezera iroro, guva imwe neimwe.

Zvino Ari pano, mune—mune kwete muchadzera; asi vanhu vari kurarama muchadzera. Asi iYe ndiye Shoko rakasimbiswa. Ndiye zvirokwazvo chi—Chiedza munguva yerima. Hongu, changamire. Zvadzera zvese zvenhema izvi nezvinhu zvichapera. Hongu, changamire. Ari pano. Usatya. Batidza Zviedza, Shoko raKe rakavimbiswa. Rinorarama. Rinoita . . .

“Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita, imi munoita zvakare.” Zvino, iShoko. “SaBaba vakaNdituma, Neniwo ndinokutumai.” Baba vakaMutuma, vakapinda maAri. Jesu anokutuma, anopinda mauri. Uye mabasa aAkaita munguva iyoyo, Anoita zvimwe chete, nokuti (sei?) Shoko rinoitwa nyama, munyama yemunhu, richiZviratidza seChiedza chezuva racho. Hapoka apo. Hezvoka izvo. Zviri kungoratidza nzira yekuChiedza, muChiedza. Varume vakachenjera, vasina kupofomadzwa nezvitendwa nemasangano, vachafamba muChiedza ichocho. Oo, ini zvangu!

<sup>269</sup> Pane Murume pano anogona kubatidza Zviedza, zvakanaka. Chii chaAnoita? Nokusimbisa Shoko raKe rezuva rino. Jesu, Mwanakomana waMwari, Akavimbisa Shoko rezuva rino, ari pano chaipo pamwe nesu.

Usatya. Usambova nehanya nezvavari kuita; ukadaro, unofamba murima.

Iva wakachenjera. “Avo vanoita zvakachenjera,” Dhanieri akadaro, “mumazuva ano ekupedzisira, vachaitira Mwari wavo zvikuru.” Maona? Maona? Vachafamba muChiedza, sezvaAri muChiedza.

<sup>270</sup> Usanetseke. Kunogona kunge kuine rima, zvichiita sekunge vachatimanikidza, munhu wese. Vose ava, munoona zvavari kuzivisa zvichienda, “Machechi ose aya madiki nezvimwe anofanira kupinda zvino. Unofanira kupinda,” kana kuti vachakuvharira kunze. Vari kuzozviita.

<sup>271</sup> Zvino tinoda kunyatsozvirova izvozvo zvakasimba, manheru ano, kana ndasvika panguva iyi, munoona.

<sup>272</sup> Zvino, ivo, “Tiri kuzovhara.” Unofanirwa kuba mumwe wavo, kana kuti kwete. Uri—uri mune izvozvo, kana kuti hauna chinhu chaunogona kuita, haugone kana kutenga kana kutengesa. Ndizvozvo. Usambofa wakaedza hako kunamatira vanorwara. Kana ukangobatwa uchishumira kune chero anorwara kana chero munhu ane chinhu chepamweya imomo,

unosungwa nemutemo wenyika, kuti ugouraiwa. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Munozviziva. Ndizvozvo. Zviri mumapepa avo. Hongu, changamire. Saka, haugone kuzviita, unofanira kunge uri weboka iri rinotenda zvakatsauka.

Hama, regai ndikuudzei chimwe chinhu. Zviri nani uwane Kristu mumwoyo mako iko zvino, nokuti pane nguva iri kuuya yauchazonyatsoZvida. Unenge uri kunze zvino. Rangarirai, kana chisimbiso ichocho chaiswa, chinenge chiripo zvachose. Maona? Saka, usazviita. Usatenda zvinhu izvozvo. Iwe pinda muna Kristu iko zvino, Shoko. Hongu, changamire.

<sup>273</sup> Anosimbisa Shoko, uye oratidza kuti ndiRo Chiedza chenguva. Ndiwo maziviro atinoita kuti iYe ndiye Chiedza, nokuti ndiYe Chiedza chichiZviratidza munyama.

Tinoziva sei? Aiva Shoko raMwari rakaitwa nyama. Munoono, Shoko raMwari rakanga richiZviratidza, richiZvisimbisa, kana Mesiya auya, zvaAchaita.

<sup>274</sup> Mukadzi akati, patsime, “Kana Mesiya auya, Achaita zvinhu izvi. Munofanirwa kunge muri Muporofita wacho imi, anova Shoko, ari kufanotitaurira zvinhu izvi.”

<sup>275</sup> Akati, “Ndini iYe.” Maona? Zvakabva zvaringana. Chiedza chakavhenekera paShoko rakavimbiswa. Hechoka icho Chiedza.

<sup>276</sup> Akabva apinda chaimo muguta, akati, “Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Haasi iye Mesiya wacho here?” Zvakabva zvaringana. Maona? Hazvinei kuti vamwe vaiti kudini, aiziva kuti akanga ari Mesiya.

<sup>277</sup> Rangarirai, muzera rega-rega, munguva yerima, Mwari vakagara vaine Shoko raVo kuti vapatsanure Chiedza kubva kune rima.

Vakava naRo mumazuva aLuther, apo chechi yeKatorike yaive nezvose; Vakatumira Luther seChiedza chaipenya, Luther ndokuparadzanisa Chokwadi kubva kune rima.

Zvino maLutherani paakavhiringidzwa, Vakagadzira John Wesley, ndokupatsanura Chiedza kubva kune rima.

Uye mumazuva epentekosti, maHwisiri pavakanga... uye maMethodisti akabva atanga kusafamba zvakanaka, uye neveBaptisti, nevePresbyteriani, Vakatumira shoko repentekosti kuti ripatsanure Chiedza kubva kune rima.

Pentekosti yakabva yadzokera murima zvakare, saizvozvo, musangano ravo iroro, vakatora zvitendwa zvavo nezvimwe.

Zvino nguva yasvika yekuti Shoko iri risimbiswe. Vanotumira Chiedza, Shoko richiratidzwa, sezvaVakaita pakutanga; vanotumira Shoko, uye RinoZviratidza. Pane Chiedza, uye Vanogara vachipatsanura. Zvimwe chetezvo nazvino, seZviedza zvidiki zvaZiyendanakuenda pakutanga.

<sup>278</sup> Ndiri kutarisa vana, ndichitaura kudai, ndapfuura nemaminetsi 5 zvino. Asi regai nditaure chinhu chimwe chete ichi.

Pane Murume ari pano! Usatya, zvisinei kuti vanoti kudii. Ndakazviona zvasvika panzvimbo yandaisaziva kuti ndofamba sei, asi Anogara aripo. Hupo husingambokundike, Anogara aripo nguva dzose. Anogona kubatidza Chiedza. Hongu, changamire. Akangomirira bedzi, kuona zvauchaita. Anokwanisa kudzvanya swichi chero nguva yaAnoda. Hongu, changamire.

<sup>279</sup> Pane Murume pano anogona kubatidza Zviedza. “Avo vaigara munzvimbo dzomumvuri worufu,” vamwe vavo vari pasi pekenza, vamwe vavo vari pasi perufu rwesangano, vamwe vavo pasi perufu rezvitendwa, vamwe vavo pasi perufu rwetsika, nemarudzi ose erufu, “uye vaona Chiedza chikuru.” Murume akavheneka Zviedza zvino, ndiye mumwe chete waCho Akati, pakutanga, “Ngakuve nechiedza.” Mwari mumwe chete iyeye, “zuro, nhasi, nokusingaperi,” Ari pano nhasi, ipo pano zvino. Usatya. Anokwanisa kubatidza Zviedza.

Kana kutambudzwa kukauya, usatya. Pane Chiedza, akati Achatora vanhu vaKe. Hauzopfuuri nemukutambudzika. Haumbofa wakazviita. Akati haWaizodaro. Uchabvutwa. “Vachazviita sei, Hama Branham? Kunoratidzika kuva nerima rinotyisa!” Hazvinei kuti kwasviba zvakadii, usingagone kuona ruoko rwako pamberi pako, ingorangarirai, pane Murume pano anogona kubatidza Chiedza. Achabvuta Chechi iyoyo.

Unoti, “Zvinoka, ndiri chaipo . . .”

<sup>280</sup> Hongu, Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego, vakanga vasvika chaipo pavira romoto, asi pane Murume ipapo Aigona kuvhurira mhengo. Hongu, changamire. Mhengo iya yaivhuvhuta nesimba yakaburuka neZuva rePentekosti, Akaibatidza zvakare ndokufefedza mhengo yose kubva kwavari, moto wose. Kwakanga kune Murume ipapo; Anonzi “Murume wechina.”

<sup>281</sup> Pane Mumwe pano nhasi. Iyeye Ndiye ega! Hareruya! Ane swichi yeChiedza muruoko rwaKe. “Avo vakanga vagere munzvimbo dzemumvuri worufu, Chiedza chikuru chakabuda.” UsaChiramba. Chigamuchire, muZita raShe. Tichikotamisa misoro yedu kwekanguva.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakanakisa,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chinovheneka kwese chakatipoteredza  
masikati nehusiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.  
Tichafamba muChiedza, chinova Chiedza  
chakanakisa,



Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chinovheneka kwese chakatipoteredza  
masikati nehusiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Huyai, imi vatsvene veChiedza, muzivise,  
Jesu, Chiedza chenyika;  
Zvino mabhero eKudenga achazorira,  
Jesu, Chiedza . . .

Chii ichocho? Shoko rakasimbiswa ndiJesu nhasi. Ndiye Shoko.

Tichafamba muChiedza ichi, Chiedza  
chakanakisa,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Oo, chinovheneka kwese chakatipoteredza  
masikati nehusiku,  
Jesu, Chiedza che . . .

<sup>282</sup> Nemisoro yenyu yakakotamiswa. Handizive kuti vangani pano vangada kufamba muChiedza ichi, pasi pehutungamiriri hweMweya Mutsvene, Shoko rakasimbiswa rezuva rino? Maona? Shoko rakavimbiswa naMwari nhasi, woRiona richiratidzwa!

Handizvo zvaAiva pakutanga here? Akanga ari Shoko. Mwanakomana akaberekwa; Akanga ari Shoko. Akanga ari Mesiya; Akanga ari Shoko rakasimbiswa. Saka zvino Shoko, Mwari vakataura mava- . . . magumo kubva kumavambo.

<sup>283</sup> Zvino pane Shoko rezuva rino, uye Ari pano kusimbisa Shoko iroro.

Pakati penyonganyonga, rima nezvadzera, zvinotaridzika zvakananyanya sezvakafanana naRo, asi hazvisi iRo. Hariratidzi kuva iRo; chitendwa.

<sup>284</sup> Jesu akati, “Kana Ndichidzinga madhimoni nemunwe waMwari, munoadzinga naani?” Havana kuadzinga. Maona? “Asi, kwete, kana Ndichidzinga dhimoni nemunwe waMwari, saka Hushe hwaMwari hwaswedera kwamuri.”

Oo, ngatizvifungei, tichisimudza maoko edu. Zvishoma nezvishoma zvino, uye tofunga, takanyatsonyarara.

Tichafamba muChiedza ichi, ichi Chiedza  
chakaisvonaka,  
Uye chinouya apo madonhwe edova e . . .

Reurura. Tenda Mwari zvino.

Chinovheneka kwese chakatipoteredza  
masikati nehusiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Tichafamba muChiedza ichi, Chiedza  
 chakaisvonaka,  
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
 akajeka;  
 Chinovheneka kwese chakatipoterredza  
 masikati nehusiku,  
 Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>285</sup> Vachipfuurira havo mberi nekuridza, ndinoda kubvunza. Zera rimwe nerimwe ranga rakafanana. Mumazuva aNoa, avo vakaramba Chiedza, vakaiti? Vakabuda vachinopinda mukutonga kwaMwari. Chii chakaitika kuna Farao mumazuva eChiedza chegwenzi raipfuta, chaiva muna Mosesi? Akafamba mugungwa rerufu. Chii chakaitika kuna Dhatani akatanga nekuzoramba Chiedza? Akafamba ndokupinda mumukaha wenyika; yakamumedza. Chii chakaitika mumazera ose, kune avo vakatadza kufamba muChiedza, Chiedza chezuva iroro?

NdiJesu nguva dzose. Aiva Jesu mumazuva evarume ivavo. NdiJesu nhasi, nokuti ndiYe Shoko, uye Shoko rinogadzira Chiedza. Ndicho Chiedza chezuva rino.

Pafungei zvino, chinyararire, apo tiri mukuperera, tobvunza kuti, uri kufamba muChiedza here? Tichirwuimba mahon'era zvakare.

...Chiedza chakanaka,  
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
 akajeka;  
 Chinovheneka kwese chakatipoterredza  
 masikati nehusiku,  
 O Jesu, Chiedza chenyika.

Ngatisimukei zvino, netsoka dzedu.

<sup>286</sup> Ndinonamata Baba veKudenga kuti Mharidzo iyi isinine mukati memoyo yevanhu vari pano, uye neavo vachaInzwa kuburikidza netepi. Uye dai Chiedza chauya paShoko, Mbeu, uye chounza Mbeu yose yakafanotemerwa yakadyarwa kunze kuno muzvadzera zvakasiyana-siyana izvi nemasangano. Ngavaone saNikodhimo, kunyangwe vachifanira kuti “vauye nehusiku,” kuuya kuChiedza. Zviiteiwo, Baba.

<sup>287</sup> Dai kukauya nyaya huru iyi, yeDombo iri rakachekwa kubva mugomo, pasina maoko. Richapwanyira pasi humambo uhwu hweMarudzi, humambo hwese uhwu, humambo hwepamweya nehumambo hwepanyama. Uye Dombo richafukidza nyika yose; ichava chinhu chakacheneswa. Avo vachapwanyiswa neDombo iroro vachakuyiwa kuita upfu; avo vanowira paDombo iroro vachava nenheyo yakasimba.

<sup>288</sup> O Kristu, itai kuti ini, semuranda weNyu, ndifire paDombo iri, Dombo iri reShoko reNyu. Ishe Mwari, ndiregei ndimire, saDhavhidhi, nemhare dzakare idzodzo dzakatsigira Dhavhidha, regai ndimiririre Shoko iri nhasi ndichiona kuti

Rakarambwa nemasangano. Rirere kumusoro kuno mune imwe nzvimbo yekuzororera. O Mwari, ini. . .Itai kuti tive nesimba nehushingi, uye neMweya Mutsvene, kuti timire, nokuti nguva dziri kuramba dzichiwedzera kusviba nekusviba.

Asi ngatigarei tichirangarira kuti Muripo kuti mubatidze Chiedza. Panguva ipi zvayo yaMunoda, Munogona kubatidza Chiedza, Baba. Saka tinonamata. . .

<sup>289</sup> SezvaMakataura, “Muri Chiedza chenyika.” Itai, Ishe, kuti Zviedza zvedu, izvo zviri zveshumiro yeNyu, zvigovhenekera vamwe zvakanyanya, zvekuti vachaona Chiedza cheEvhangeri patiri kuirarama, Ishe, zuva nezuva, tichiratidza kwavari Hupenyu hwaJesu Kristu sezvaAiva panyika; azere nekuzvinipisa nekutapira, asi aine Shoko richiraramwa kubudikidza nemaAri. Zviiteiwo, Ishe.

Nokuti, takatarisa kwaMuri, Mukuru uyo ane swichi muruoko. Makabata nyika muruoko rweNyu. Mukabata zvinhu zvose muruoko rweNyu, uye munotsigira nyika neShoko reNyu.

O Baba, itai kuti tigamuchire Shoko; Mungazviita here, ndapota, Ishe? Ngahuve huchapupu nechishuwo chemwoyo wose uri muno.

<sup>290</sup> Baba, tichiimba nziyo idzi. . .SaDhavhidha akaimba nziyo, dzikava chiporofita. Dzaiva chiporofita, uye Makadzicherechedza, chiporofita. Patinodziimba, Ishe, ngazvivewo mumwoyo medu, zvakare, tichiimba, “Tichafamba muChiedza ichi.” Ngazviitike, Ishe.

Ichi Chiedza chakanaka. IShoko. NdiKristu achigara pakati pedu. Kwetete zvaAiva; zvaAri, uye, tinoziva kuti zvaAiva zvaAingoratidza zvaAri. Uye tinonamata, Baba, kuti vanhu vanzwisise uye vafambe muChiedza ichi chakanaka. Tinokumbira muZita raJesu.

<sup>291</sup> Tichiri takamira kwekanguva, ndinoda kuti tose tiimbe.

<sup>292</sup> Zvino muno mune Presbyteriani, Methodisti, Katorike. Ino iungano yakasangana, kana zviri zveasangano.

<sup>293</sup> Zvino rangarirai, ngazvivizivikanwe, kuti handisi kutaura chinhu ndichipikisa vanhu vari muzvadzera izvi. Asi ndazviratidza, neBhaibheri, kuti izvo izvadzera. Dai zvanga zvisiri, Kristu angadai achiita sezvaAkavimbisa kuita, navo. Maona? Asi vanoZviramba. Maona? Uye paunosvika ikoko, unowanei? Imwe “joinhai chechi, taurai chitendwa.” Uye zvinozopedzesera zvaita sei? Wasvika kumagumo enzira, wozoona kuti yaive hwerazuva, yenhema.

Kristu iShoko. Ndiye Chiedza. Rarama zvino, uchiri kukwanisa kurarama. Unoraramira chimwe chinhu.

<sup>294</sup> Uri kuraramirei? Kuti ugofa. Mumwe nomumwe wenyu, muri kushandirei? Kuti mudye. Muri kudiyirei? Kuti murarame. Muri kuraramirei? Kuti mugofa.

Saka wadii kurarama kuti ugorarama? Wadii kurarama kuti ugorarama? Zvino, nzira chete yaunogona kurarama nayo kugamuchira Shoko. Nokuti, “Munhu haangarami nechingwa chete,” zvatinoshingairira pano neziya repahuma yedu, “asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.” Zvino Shoko remuromo waMwari riri kusimbiswa pamberi pedu chaipo, neMweya Mutsvene. Rarama naRo, haungadaro here?

<sup>295</sup> Zvino ndinoda, tichiimba urwu zvakare, mumwe nemumwe ngatingomirai panzvimbo yedu, tambanudza wobata maoko emumwe munhu, uti, “Hama, ngatifambe muChiedza ichi,” tichiimba *Famba Muchiedza*. Mungadaro here? Namatiranai makaisa maoko enyu pamwe chete, tichirwuimba pamwe chete; nekuvhara maziso edu, nekukwanisa kwose.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakanakisa,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chinovheneka kwese chakatipoterredza  
masikati nehusiku, (Ndiani uYo?)  
Jesu, Chiedza chenyika.

Zvino ngatisimudzei maoko edu.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakanakisa,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chinovheneka kwese chakatipoterredza  
masikati nehusiku,  
Oo, Jesu, Chiedza chenyika.

Huyai imi mose vatsvene veChiedza, zivisai,  
(Chii ichocho?)  
Jesu, Chiedza chenyika;  
Zvino mabhero eKudenga achazorira,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Tese, ngatirwuimbei zvino.


Tichafamba muChiedza, uye Chiedza  
chakanakisa,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chinovheneka kwese chakatipoterredza  
masikati nehusiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>296</sup> Takakotamisa misoro yedu zvino. Rangarirai Israeri payaive parwendo rwavo, vachidya mana itsva zuva nezuva, vaifamba muChiedza cheShongwe yeMoto. Shongwe yeMoto iyoyo yaive Jesu Kristu. Bhaibheri rinoti Yaive. Uye nhasi Anesu; tinaYo. Tinoziva kuti Anesu, Shongwe yeMoto imwe cheteyo, achiita

zvinhu zvimwe chete zvaAkaita paAiva pano panyika, kuzadzisa Shoko raKe.

<sup>297</sup> Patinobva pano, ngatirangarirei, kuchengeta rwiyo irworwo mumwoyo yedu tichienda kudzimba dzedu, apo mavhiri achiimba rwiyo mahon'era. Usati wadya chikafu chako, kotamisa musoro wako utende Mwari nokutumira chiedza kuti chiunze zvokudya panyika, kuitira mutumbi wako wepanyama. Zvino wotenda Mwari nekutumira Chiedza chepamweya, Shoko raVo, kuti Vagopa Chikafu kumunhu wemukati. “Nokuti munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo waMwari.”

<sup>298</sup> Ingorambai muchizviimbira rwiyo urwu, mumba menyu, pakati pevanhu venyu, uye mosangana nesu madzoka pano nenguva dzekuma 6:30, manheru ano, kuitira makadhi ekunamatirwa nezvimwe zvakadaro. Tichakuonai zvino. Kusvikira panguva iyoyo, kotamisai misoro yenyu.

<sup>299</sup> Ndichakumbira Hama Neville kana vakafamba vachiuya kuno zvino, mufundisi, uye votiparadzanisa neshoko remunamato. 

63-1229M Pane Murume Pano Anogona Kubatidza Chiedza  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)